

**IDHENTITI KULTURAL SAJRONE NOVEL KADANG SURINAME SANAK MERAPI
ANGGITANE FUJI RIANG PRASTOWO
(TINTINGAN POSKOLONIAL STUART HALL)**

Nunung Giarti

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
nununggiarti16@gmail.com

Yunita Ernawati, S.Pd., M.A.

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
yunitaernawati@unesa.ac.id

ABSTRAK

Novel *Kadang Suriname Sanak Merapi* kang ngandharake bab panguripane kaum *diaspora* Jawa ing Walanda. Kaum *diaspora* yaiku korban saka anane praktik kolonialisme ing Indonesia. Senajan urip ana ing paran, nanging tumindake isih ana gandheng cenenge karo budaya Jawa. Papan panggonane kang ana ing Walanda uga menehi pengaruh prakara tumindake. Genahe, kaum *diaspora* kasebut nduweni rong idhenti kang ana gandheng cenenge saka rong budaya yaiku budaya Jawa lan Walanda, saengga dheweke ngalami *keambiguan* bab idhentine. Prakara kasebut kang narik kawigaten kanggo diteliti kanthi nengenake bab idhenti kang sinandhang dening para paraga sajrone novel kasebut.

Teori kanggo panliten iki yaiku teori poskolonial Stuart Hall kang mbabar prakara idhenti kultural. Dene, metodhe panliten iki yaiku jinis metodhe deskriptif kualitatif. Kanthi sumber primere yaiku novel *Kadang Suriname Sanak Merapi* anggitane Fuji Riang Prastowo lan dhatane kang arupa pacelathon antara para paragane, lan tetembungan utawa paragraf kang ana ing novel kasebut. Panliti dhewe kang dadi instrumen panliten, jalaran cocog klawan metodhe kang digunakake. Dhata dijupuk kanthi teknik study pustaka, dene panjlentrehane dhata kanthi ndheskripsikake dhata.

Asile panliten kaperang dadi 4 yaiku, (1) titikan idhenti kultural kang arupa kapitayan, rasa ayem, lan pakulinan saka kaum *diaspora* sajrone novel, (2) *negosiasi* idhenti kultural kanthi anane *translokasi* lan *konstruksi* idhenti *ganda* dening kaum *diaspora* sajrone novel, (3) *transformasi* idhenti kultural saka kaum *diaspora* sajrone novel kang nuduhake anane proses *rekonstruksi* lan *dekonstruksi* idhenti Jawa, lan (4) idhenti kultural pascakolonial kang katemukake rong idhenti kultural kaum *diaspora* sajrone novel *Kadang Suriname Sanak Merapi* yaiku idhenti Jawa-Suriname lan Jawa-Indies. Dene, saka panliten iki kaprayogakake amrih bisa nggedhekake rasa tresna marang budaya leluhur lan tansah ngutamakake rasa nasionalisme.

Tembung-tembung wigati: *idhenti kultural, diaspora, negosiasi, transformasi*.

PURWAKA

Lndhesane Paliten

Gegambaran sejaraha bangsa Indonesia ora amung mandheg ana ing perkara perjuwangan wae, nanging akeh kedadeyan kang bisa diarani minangka dhampak saka konflik politik. Kayata mlayune bekas prajurit KNIL menyang Walanda amarga rumangsa kalah. Dene anggota prajurit KNIL yaiku kaum pribumi lan wong *indies*. *Indies* minangka istilah kang tuwuh sajrone tetembungan *historiografi* Indonesia lan memori sosial *kolektif* wong Indonesia, paling ora tumekane taun 1990-an (Wardani, 2010). Para warga Indonesia kang dikirim ing negara manca kanggo misi kabudayan nanging ora bisa bali ing negarane jalaran ana kisruh sawise Indonesia antuk kamardikan kanthi didhakwa melu kelompok radikal utawa sinebut kaum *eksil*, uga dadi pirembugan sajrone karya sastra. Wong *indies* lan *eksil* mligine saka suku Jawa kasebut kepeksa urip ing paran jalaran wis ora diakoni minangka warga Indonesia ing jaman ordhe anyar. Pawongan kasebut uga sinebut *diaspora* Indonesia kang tuwuh jalaran anane proses kolonialisme ing Indonesia.

Prakara sajrone kolonialisme kayata perjuwangane warga pribumi nglawan kaum penjajah, bekas-bekas kolonial, lan bayang-bayang kolonial uga asring kapilih dening pangripta minangka tema sajrone karya sastra, mligine karya sastra Jawa modheren. Dene, karya sastra Jawa modheren yaiku karya sastra kang urip satengahe bebrayan Jawa ing jaman sakiki (Darni, 2016:3). Salah sawijine karya sastra Jawa modheren kang temane babagan kolonialisme awujud novel abasa Jawa yaiku novel *Kadang Suriname Sanak Merapi* kang sabanjure bakal karingkes KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo. Novel kasebut uga kalebu limang novel Jawa kang menang ing sayembara nulis novel Jawa kang diadani dening Dinas Kebudayaan Yogyakarta ing taun 2017. Novel kasebut uga novel kapisan kang ngandharake panguripane wong Jawa lan anak putune kang ana ing paran nggunakake basa Jawa.

Fuji Riang Prastowo minangka pangripta novel KSSM kang kalebu pakar *diaspora*, uga sinebut siji-sijine ahli bab '*diaspora* Jawa' saka Indonesia. Anggone Fuji tresna babagan *diaspora* Jawa kanthi gelem rekasa babad alas kanggo nuduhahe ilmu kasebut marang donya mligine warga Indonesia. Fuji uga wis lelungan ing saperangan

negara manca saperlu dadi pemakalah bab *diaspora* Jawa kaya dene ing Nijmegen (2015), Den Haag (2015), UGM (2016-2017), RRI Radio (2017), lan Kongres Basa Jawa VI (2016). Maneka werna karyane kang ngandharake babagan *diaspora* Jawa, kang kapacak kanthi awujud karya sastra fiksi uga non-fiksi. Karyane kang awujud non-fiksi yaiku buku *Bab Jawa ing Landa* (2017), *Wong Jawa ing Landa* (2017), lan *Javanese Arts and Literature the Visual Story of Javanese Arts and Literature* (2017).

Novel KSSM kang nyaritakake bab panguripane wong Jawa lan anak putune ing negara Walanda. Prakara-prakara kang dialami dening para paraga ing novel minangka kaum *diaspora* nuduhake anane prakara babagan idhentiti kultural. Mula, kang dadi punjere prakara lan paling dhominan minangka tema yaiku babagan idhentiti saka para paragane kang sinebut *diaspora*. Idhentiti sajrone novel kasebut kagambar kanthi nuduhake kabudayan minangka pakulinan saben dina saka para paragane. Senajan para paragane minangka *diaspora* Indonesia mligine kaum *eksil* lan *indies* sing urip ing manca nanging tetep gedhe anggane ngugemi lan nguri-uri kabudayan Jawa minangka idhentitine.

Kabudayan kang digawa wong Jawa nalika ngalami *translokasi* saka Indonesia tumuju Walanda lan Suriname tansah diugemi lan diramut kanthi becik. Kabukten saka andharane Komariah lan Ruriana (2011:41) yen ing Suriname isih ana tradhisi Jawa kayata tayuban, wayang kulit, wayang wong, ludrug, jaranan, lan kenduren utawa slametan. Tradhisi kasebut isih diugemi senajan wis *migrasi* ing Walanda. Novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo kang sajrone cerita babagan *translokasi* para paragane uga kababar kanthi cetha. Anggone pangripta ngandharake ceritane tansah ngunggulake kabudayan Jawa, pitutur Jawa kang dikombinasi karo kabudayan bangsa Walanda. Cethane pamilihe novel KSSM jalaran ceritane akeh pambabaran babagan kauripane wong *diaspora*, mula novel kasebut minangka novel poskolonial, mligine bab idhentiti. Kanggo mangerteni idhentiti wong *diaspora* sajrone novel KSSM, panliti nggunakake konsep saka teori poskolonial bab idhentiti kultural dening Stuart Hall.

Teori poskolonial miturut Makaryk yaiku kumpulan strategi teoritis lan kritis kang nduweni gagasan kanggo ngonceli prakara-prakara kolonial lan pascakolonial (Faruk, 2007:14). Andharan kasebut nuduhake kang kalebu ranah poskolonial yaiku prakara-prakara kang ana sajrone penjajahan uga sabubare penjajahan. Sawijining pirembugan kang wigati sajrone teori poskolonial yaiku babagan idhentiti. Dene, salah sawijine pakar poskolonial sing mbabar perkara idhentiti yaiku Stuart Hall mligi babagan idhentiti kultural utawa budaya. Hall (1994:237) ngandharake yen idhentiti budaya dudu perangan kang cetha lan tanpa anane prakara jalaran idhentiti minangka salah sawijine prodhuk kang ora bakal purna lan tansah ana sajrone proses tuwuh lan awujud sajrone sawijine kadadeyan. Hall uga ngandharake yen idhentiti budaya kasebut tuwuh saka anane telung prakara yaiku kabudayan kang diugemi ing saben dinane, politik kang mapan ana ing pamikiran, lan dhampak saka anane

konflik mligine dhampak kolonialisme kang katindakake dening para penjajah. Telung prakara kasebut mapan sajrone dhiri pribadine kaum pribumi. Prakara kasebut uga katambahan saka anane *hegemoni* kang katindakake dening bangsa penjajah tumrap bangsa pribumi minangka wujud pengaruh saka kepemimpinan bangsa Eropa babagan kabudayan, politik, lan ekonomi.

Andharan ing dhuwur bisa kadudut yen panliti milih novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo minangka bahan panliten jalaran nyaritakake babagan kauripane wong *diaspora* kang nduweni rasa nasionalisme lan tresna marang budaya Jawa kamangka dheweke urip ing negara manca. Kanthi nindakake budaya lan tradhisi Jawa minangka upaya ngluri kabudayan Jawa kang nuwuhake perkara kang ndadekake idhentitine *ganda* saka wong *diaspora* lan nuwuhake pitakonan ilmiah ing panliten iki. Mula bakal kaonceli prakara-prakara kang ana sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo, mligine prakara babagan idhentiti wong *diaspora* yaiku *eksil* lan *indies* sajrone novel kasebut. Kanggo ngonceli prakara-prakara kasebut, panliti nggunakake konsep teori poskolonial Stuart Hall sing dianggep paling trep.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang diandharake ing dhuwur, underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye titikan idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo?
- 2) Kepriye *negosiasi* idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo?
- 3) Kepriye *transformasi* idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo?
- 4) Kepriye idhentiti kultural pascakolonial sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo?

Ancase Panliten

Adedhasar underane panliten ing dhuwur, bisa ditemokake ancane panliten yaiku:

- 1) Ngandharake titikan idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo.
- 2) Ngandharake *negosiasi* idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo.
- 3) Ngandharake *transformasi* idhentiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo.
- 4) Ngandharake idhentiti kultural pascakolonial sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo.

Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kaya ing ngisor iki.

- 1) Paedah Tumrap Bidhang Sastra lan Poskolonial
Bisa nambahi bab kritik sastra mligine babagan teori poskolonial sajrone donyane sastra Jawa modheren. Uga bisa dadi masukan kanggo para pangripta sastra Jawa modheren amrih luwih kreatif kanggo nggripta karya sastra mligine ing bab kolonialisme.
- 2) Paedah Tumrap Pamaca
Sajrone panliten iki bisa nambahi kawruh lan pamawas ngenani analisis karya sastra, mligine panliten kang nggunakake tintingan poskolonialisme.

Tumpap pamaca uga bisa dadi objek studi bandhing antarane panliten siji lan sijine.

3) Paedah Tumrap Piwulang Sastra

Ing kene uga ana paedah kanggo piwulang sastra, mligine kanggo para mahasiswa. Kaajab bisa migunani kanggo panliten sabanjure, uga nambahi krenteg yen nindakake panliten bab sastra.

Watese Panliten

Panliten iki diwenahi watesan prakara kang ditliti. Anane watesan-watesan iki supaya panliten iki luwih munjer. Watesan sajrone panliten iki bakal kaandharake kaya mangkene, 1) topik panliten iki yaiku idhentiiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo, 2) sumber panliten iki yaiku novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo, lan 3) panliten iki njlentrehake idhentiiti kultural sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo.

Panjlentrehane Tetembungan

Ing ngisor iki bakal diandharake panjlentrehane tetembungan sajrone panliten iki. Anane panjlentrehane tetembungan iki kanthi ancas supaya panliten iki ora ngambra-ambra.

1) Idhentiiti

Tembung idhentiiti sajrone KBBI nduweni teges yaiku titikan utawa kahanan pawongan kang luwih mligi uga bisa diarani jati dhiri.

2) Idhentiiti Kultural

Idhentiiti kultural utawa budaya yaiku sawijine produk kang ora bakal purna, tansah ana sajrone proses pambentukan lan kabentuk sajrone kadadeyan, mligine ngacu babagan budaya utawa kapribaden sing dilakoni ing padinan.

3) *Diaspora*

Diaspora miturut KBBI yaiku bubare sawijine bangsa kang sumebar ana ing maneka warna negara.

4) *Negosiasi*

Negosiasi miturut KBBI nduweni teges yaiku proses tawar-tinawar bab kang beda kanthi cara ngrundhingake amrih ngintukake asil.

5) *Transformasi*

Transformasi miturut KBBI yaiku owahe wujud kang arupa sifat, fungsi, lan sapanunggalane. Owahe wujud kasebut saka wujud asli tumuju wujud kang anyar.

6) Novel

Novel yaiku salah sawijine karya sastra fiksi kang awujud crita dawa lan rowa utawa ruwet. Miturut Sumardjo lan Saini (1997:29), novel yaiku cerita kang awujud gancaran kanthi ukuran kang amba. Ukuran kang amba ing kene nduweni arti yen nduweni plot utawa alur kang kompleks, maneka warna karakter, tema kang kompleks, kahanan cerita kang warna-warna, uga setting cerita kang maneka warna.

7) Poskolonial

Poskolonial yaiku teori kang mbabarake cara-cara sing digunakake kanggo nintingi maneka warna gejala kultural, kayata sejarah, politik, ekonomi, sastra, lan maneka warna dhokumen liyane sing dumadi ing

negara-negara kang tau dadi koloni Eropa modheren (Ratna, 2008:90).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Saben panliten kudu nduweni pambeda karo panliten kang wis tau ditliti, jalaran panliten kang asipat orosinil. Rong faktor kang njalari pambedane panliten yaiku (1) faktor pambeda objek lan (2) faktor pambeda teori lan metode (Ratna, 2010:363). Saliyane babagan orisinil sawijine panliten, panliten kang saemper uga nduweni tujuan supaya oleh gegambaran babagan prakara kang bakal ditliti. Adhedhasar andharan kasebut katemokake patang panliten kang saemper yaiku:

Sepisan, skipsi kanthi irah-irahan “Novel Sala Lelimangan Suprpto Brata (Tintingan Poskolonial)” dening Leni Fitri Wati saka jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah ing tauh 2015. Panliten kasebut ngandharake jiwa nasionalisme warga Indonesia nalika dijajah wong Walanda. Panliten kasebut merang undheran panlitene kanthi telung prakara yaiku wujud kolonialisme kang katindakake dening para penjajah, pandhangan kaum terjajah marang pribumi, lan wujud pemberontakan dening para kaum pribumi. Panliten kasebut padha karo panliten iki saka objek kaji kang arupa novel lan teori kang digawe yaiku poskolonial. Nanging panliten iki luwih ngacu babagan idhentiiti kang dadi punjer prakara kang ana sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo. Novel kasebut uga ora nyaritakake bab kahanan kolonialisme nanging bab wong Jawa kang ana ing paran kanthi sebutan kaum *diaspora*.

Kaloro, skripsi kanthi irah-irahan “Identity Negotiation of Gogol in Jhumpa Lahiri’s Novel The Namesake” dening Muhammad Rosyid Husnul Waro’i ing taun 2016 saka jurusan Basa lan Sastra Inggris, Fakultas Humaniora, Universitas Islam Negeri Maulana Malik Ibrahim Malang. Panliten kasebut mbabarake rong prakara yaiku pambedane budaya kang dialami paraga utama sajrone novel lan karakter saka paraga utama kanggo negosiasi kabudayaan kang beda. Panliten iki nduweni bab kang padha karo panliten kasebut yaiku saka konsep teori kang digawe yaiku padha-padha nggunakake konsep idhentiiti kultural dening Stuart Hall, nanging bab kang nggawe beda yaiku saka prakara saka sumber panliten kang beda uga.

Katelu, panliten kanthi irah-irahan “Problemitasi Identitas dalam Tiga Novel Abdulrazak Gurnah” dening Ani Hanifah ing taun 2017, kang kapacak sajrone jurnal Universitas Padjadjaran volume 6 nomer 2. Panliten kasebut ngandharake idhentiiti karakteristik saka telung novel anggitane Abdulrazak Gurnah. Katelu novel kasebut padha-padha ngandhut prakara idhentiiti karakteristik dening para paragane. Anggone Ani ngonceki katelu novel kasebut nggunakake teori idhentiiti kanthi konsepe Stuart Hall lan Homi Bhabha. Panliten kasebut yen kasandhingake karo panliten iki padha-padha ngrembug babagan idhentiiti sajrone teori poskolonial lan objek panliten kang padha yaiku karya sastra novel. Dene pambeda saka panliten iki yaiku fokus panlitene, panliten

iki kang ngandharake babagan idhenti kultural dening Stuart Hall, banjur panliten kasebut ngandharake idhenti karakteristik kang jerone ana idhenti karakteristike.

Kapapat, panliten kanthi irah-irahan “*Diaspora* dan Hibriditas dalam Roman Salah Asuhan Karya Abdoel Moeis dan dalam Novel Keberangkatan karya N H. Dini” dening Yati Sugiyarti ing taun 2015 kang kapacak sajrone jurnal Universitas Negeri Yogyakarta volume 23 nomer 1. Panliten kasebut ngandharake babagan *hibriditas* idhenti lan *diaspora* kang dialai dening para paraga sajrone roman “Salah Asuhan” lan novel “Keberangkatan”. Panliten kasebut ngandharake prakara-prakara kang ana sajrone roman lan novel kasebut saka idhenti para paraga kang ngalami *hibriditas* jalaran saka anane *diaspora*. Panliti anggone ngonceki prakara-prakara kasebut nggunakake teori lan konsepe Homi Bhabha. Panliten kasebut lan panliten iki padha-padha ngrembug babagan idhenti kang dialami dening para paraga sajrone karya sastra. Dene pambédane yaiku konsep teori kang digunakake, panliten kasebut nggunakake konsep teori idhenti Homi Bhabha banjur panliten iki nggunakake konsep idhenti Stuart Hall.

Poskolonial

Miturut etimologis, poskolonial saka tembung “*post*” dan “*kolonial*”, dene tembung kolonial saka basa Romawi yaiku *colonia*, kang nduweni teges lemah tetanen utawa pamukiman. Dadi miturut etimologis kolonial ora ngandhut teges babagan penjajahan, penguasaan, lan *konotasi eksploitasi* liyane. Sambung karo teori posmodernisme, studi poskolonial kalebu teori kang isih anyar. Minangka teori anyar sajrone ilmu sosial lan humaniora, istilah poskolonial isih dadi prakara lan tansah dadi bahan pirembugan ing jaman saiki. Tembung poskolonial sajorne basa Indonesia kang tegese padha kaya pasca kolonial. Cethane, definisi poskolonial yaiku jaman sawise proses kolonialisme. Nanging teges poskolonial ora mung bisa dideleng saka tahapan periode sejarah utawa saka segi wektu, nanging uga bisa saka orientasi ideologi. Ratna, Budiawan lan Martono kang padha bab pamawase yen pascakolonial kang sesambungane karo jaman, era, lan periode kang duweni batas kang pasti, yaiku jaman pasca-kolonial utawa jaman sabubaré praktik kolonial (Angkasa, 2015:1). Jalaran poskolonial minangka teori, mula kagolong sawijine tradhisi pasinaon kang nduweni watesan-watesan kang asipat relatif.

Anane kolonialisme kang katindakake dening bangsa Eropa tumuju wilayah Asia mligine Indonesia kanthi nggawa budaya kang beda karo budaya bangsa. Pembedane budaya kasebut kang nuwuhake sawijine paham tartamtu kanggo nggambarake kahanan ing jaman kasebut. Mula thukul teori poskolonial kang nggambarake kahanan lan kadadéyan ing jaman penjajahan. Kaya kang diandharake dening Sulasman lan Gumilar (2013:211), yen teori poskolonial minangka respon utawa tanggapan saka penjajahan kang katindakake dening negara-negara Eropa marang negara-negara donya katelu kayata Afrika lan Asia.

Bangsa pribumi minangka korban saka bangsa penjajah, dene nalika proses kolonial kasebut bangsa penjajah ngupaya mangerteni budayane bangsa pribumi. Said (2012:1-2) ngandharake yen *orientalisme* yaiku sawijine cara kanggo mangerteni donya sisih etan, adhedhasar panggonan kang mligi sajrone pengalamane manungsa negara kulon kaya dene negara-negara ing Eropa. Prinsip kang diandharake Said nuduhake yen poskolonialisme ngrembug babagan proses mangerteni kabudayan bangsa etan dening bangsa kulon minangka bangsa penjajah. Tujuwane kanggo mangerteni sakabehane panguripane lan kabudayane bangsa kang dijajah.

Teori poskolonial minangka kritik marang ideologi (ide lan gagasan) kolonialisme, kang ngitik wujud totalisme, dhominasi, lan wujud kepemimpinan budaya (*hegemoni*) kulon. Andharan kasebut nuduhake yen poskolonial minangka wujud pamikiran anyar babagan diferensi budaya. Poskolonial nentang universalisme nilai-nilai budaya kulonan kayata individualisme, rasionalisme, fungsionalisme, lan materialisme. Bab kang miturut bangsa kulon minangka universalisme nanging miturut bangsa etan minangka imperialisme. Cocog karo andharan kasebut kang nuduhake masalah pokok kang ana ing teori poskolonial yaiku posstrukturalisme kang umume bisa digoleki ilmune saka strukturalisme. Mula, poskolonial ora langsung ngacu babagan kolonialisme. Poskolonial uga nolak oposisi biner, dene oposisi diner kang ditolak dening teori poskolonial yaiku pambédane kanthi diamental antarane kulon lan wetan, penjajah lan terjajah, nonpribumi lan pribumi, kolonialis lan koloni (Ratna, 2007:233).

Analisis wacana kolonial lan teori poskolonial kang didudut dening William (sajrone Angkasa, 2015:3) minangka kritik babagan proses prodhuksi ilmu prakara “*the other*”, mula ing kene budaya minangka elemen resisten jalaran ing kasunyatan budaya minangka manifestasi kang asipat ideologis utawa idealis uga saka kasunyatan sejarah lan fisik bebrayan (bangsa) kasebut kang paling dhominan. Mula, studi bab perjuwangan kamardikan nuduhake yen bab kasebut tansah diwiwiti saka ngunggulake bab pangrasane bangsa pribumi kanggo nguatake kapribadene minangka alat kanggo ngilangake *hegemoni* budaya penjajah.

Bab kasebut minangka kritik prakara pamikiran poskolonial ngenani representasi idhenti, yaiku kanggo nengenake utawa mbalikake budaya kang tinindhès minangka idhenti kang satemene saka bangsa kang pernah dipengaruhi dening proses imperial (Angkasa, 2015:4). Cethane, pemikiran poskolonial kang ana gandheng cenenge karo idhenti yaiku kanggo nuduhake kabudayan bangsa pribumi sawise jaman penjajahan. Dene tembung idhenti sajrone KBBI nduweni teges yaiku titikan utawa kahanan pawongan kang luwih mligi uga bisa diarani jati dhiri. Antarane manungsa minangka subjek lan idhenti ora bisa dipisahake. Subjektifitas kang ana gandheng cenenge karo dhiri (idhenti dhiri) manungsa, kang jerone kaandharake bab pangrasa, emosi, nespun, lan pepenginan saka manungsa kasebut. Subjektifitas uga ana gandheng cenenge karo kesadharan

utawa ora sadhar jalaran wis tumemplek kanthi raket sajrone dhiri manungsa.

Bhabha (sajrone Angkasa, 2015:9), ngandharake yen antarane penjajah lan pribumi ana “ruwang antara” kang kalorone ngalami interaksi. Anane ruwang antara kasebut nuwuhake idhentiiti kolonial saka idhentiiti penjajah lan pribumi kang ora stabil, tansah ora dipercaya, lan tansah owah, jalaran saka kalorone ana ruwang kang longgar kanggo sawijine resistensi. Kaya kang diandharake dening Faruk (2007:6) yen idhentiiti kultural ora stabil lan tansah ngalami owah-owahan jalaran konstruksi kolonial prakara dhiri pribadine kang ngalami pemaknaan maneka warna, nanging uga ngalami pertentangan.

Miturut Bhabha (sajrone Angkasa, 2015:7), budaya lan sistem budaya kabentuk sajrone ruwang katelu. Maksud saka ruwang katelu yaiku ruwang sasela-selane antarane bangsa pribumi lan penjajah. Dene, ing ruwang katelu kasebut uga nuduhake bab proses hibriditasi idhentiiti kanthi wujud budaya, basa, ras, lan sapanungglane. Andharan kasebut nuduhake yen studi budaya kang nggunakake idhentiiti minangka sawijine “entitas” kang bisa diowahi miturut wektu, sejarah, lan ruwang tartamtu. Sabanjure, Hall nuduhake bab konsep idhentiiti budaya utawa idhentiiti kultural minangka representasi kang ora pasti jalaran tansah ngalami produksi utawa konstruksi.

Idhentiiti Kultural

Stuart Hall minangka salah sawijine pakar kang ngandharake konsep idhentiiti mligi ing babagan idhentiiti kultural. Stuart Hall ngandharake yen idhentiiti tuwuh saka anane respon saka anane pelanggaran-pelanggaran kang nuwuhake ribet lan trauma saka sejarah lan budaya (Gandhi, 2014:164). *The enlightenment subject was based on conception of the human person as a fully centred, unified individual, endowed with the capacities of reason, consciousness and action, whose „centre” consisted of an inner core The essential centre of the self was a person’s identity* (Hall, 1994:275).

Idhentiiti kultural tuwuh kang adhedhasar pamikiranane Hall babagan kadadeyan kang dumadi ing negara kang dialami dening kaum *diaspora* jalaran budaya. Idhentiiti kultural kasebut tuwuh jalaran anane praktek kolonialisme marang bangsa Afrika lan Asia kang katindakake dening bangsa Eropa. Praktek koloniasme kang arupa perbudakan kang kaalami dening bangsa kajajah. Sabanjure tindakan kolonialisme tuwuh jaman pascakolonialisme kang mandhegani pawongan kanthi golongan tartamtu lan anane pengaruh saka leluhur (Hall, 1994:223). Cethane pawongan kasebut sinebut bebrayan pascakolonial utawa bebrayan kang paham bab feminisme, anti-kolonial, lan anti-rasis.

Hall (1994:223), ngandharake ana rong cara kanggo mikirake prakara idhentiiti kultural yaiku saka posisi idhentiiti kultural sajrone sawijine kabudayan kang padha lan sajrone kabudayan kang beda kanthi bebarengan ndhelikake saperangan prakara tartamtu marang wong kang nduweni sejarah lan keturunan kang padha. Konsep Hall uga negesake yen idhentiiti kultural ana gandheng cenenge antarane budaya kang padha ing sawijine

kelompok tartamtu kang para anggota saka kelompok kasebut nduweni sejarah lan leluhur kang padha uga.

Hall kang nuduhake idhentiiti kultural kang asipat *esensialis* utawa wigati, Kathry Woodward (sajrone Angkasa, 2015:6) uga ngandharake yen idhentiiti uga asipat esensial kang dimangerteni minangka salah sawijine idhentiiti kang nduweni karakteristik utawa titikan kang padha kayadene sejarah sajrone kabudayan. Sajrone andharane saka kaum *esensialis* kang nuduhake yen saben wong kang katujukakake kanggo nitiki pawongan saka idhentiiti, mula wigatine sawijine idhentiiti kadeleng saka kabudayan utawa pakulinan kang katindakake ing saben dinane. Tumindak kasebut kang nuduhake idhentiiti kultural kasebut kanthi ngawigatenake titikan idhentiiti kultural.

Titikan kanggo nitiki bab idhentiiti kultural pawongan kaperang dadi telu yaiku kapercayan, rasa ayem, lan pakulinan. Kaya kang diandharake dening Hall (1994:230) yen ..., *in the secret syntactical structures through which other languages were spoken, in the stories and tales told to children, in religious practices and beliefs, in the spiritual life, the arts, crafts, musics and rhythms of slave and post-emancipation society*. Perkara idhentiiti pawongan bisa dibabarake kanthi munjer miturut katelu peranan kasebut. Kapercayan kang ana gandheng cenenge karo spiritual utawa bab agama. Rasa ayem kalebu babagan kang nggawe dhiri pribadi pawongan bisa ngrasa ayem kayata lagu, kesenian, samubarang kang disenengi, lsp. Bab pakulinan, padha kaya tumindake manungsa kang asring katindakake ing saben dinane, kayata micara (basa), penggaweyan, lan pakulinan liyane kang bisa niteni *style* saka pawongan kasebut. Dene, katelu titikan idhentiiti kultural kasebut tuwuh saka alur pambentuke idhentiiti kultural.

Pambentuke idhentiiti kultural duweni alur kang kaperang dadi loro yaiku *negosiasi* lan *transformasi*. Kaloro peranan kasebut bakal nuduhake idhentiiti anyar kang sinandhang dening para korban praktek kolonialisme. Kanthi asil kang nengenake salah sawijine budaya kang beda utawa anane kombinasi antarane rong budaya kasebut. Dene, kaloro alur idhentiiti kultural kasebut nduweni kesinambungan kang kawiwitan saka *negosiasi* lan katerusake *transformasi* kang sabanjure nuduhake asile proses kasebut kanthi sinebut idhentiiti kultural.

Negosiasi Idhentiiti Kultural

Para korban praktik kolonialisme nduweni prakara bab idhentiiti *ganda* kang ana sajrone dhiri pribadine. Idhentiiti ganda kasebut ana jalaran pengaruh saka rong budaya saka dhaerah utawa negara kang beda. Genah, dheweke ngalami proses *traslokasi* saka dhaerah siji tumuju dhaerah sijine (Hall, 1994:232). Jalaran saka anane *translokasi* kasebut, para korban kolonialisme ngrasakake pambada nalika mapan ana dhaerah anyar kang dipanggoni. Saka pambada kasebut nuwuhake idhentiiti *ganda*. Dene, pawongan kang nduweni idhentiiti *ganda* bakal nuwuhake maneka warna prakara saka dhiri pribadine sajrone urip bebrayan karo liyan.

Bab idhenti *ganda* kang mapan sajrone dhiri pribadi korban praktik kolonialisme kasebut nuwuhake *negosiasi* bab idhenti. *Negosiasi* ing kene duweni teges yaiku tawar-tinawar saka rong idhenti kang beda. Dene, pambada kang dialami kasebut nuduh prakara kekuasaan pamrentahan kang mapan ana ing saben dhaerah (Hall, 1994:232). Kang dimaksud kekuasaan ing kene yaiku prakara lingkungan lan ukum kang beda ing saben dhaerah utawa negara.

Babagan kasebut uga diandharane dening Sigana (sajrone Angkasa, 2015:8), yen sajrone *negosiasi* kasebut, idhenti poskolonial nindakake penguwatan kanthi ngakoni anane rong budaya minangka dhiri pribadine lan nekakake budaya palsu kang ora cocog klawan budayane. Bab kasebut katujukake kanggo mertahanane papan dununge sajrone bebrayan. Cethane, *negosiasi* kang dialami dening korban praktik kolonialisme saka rong idhenti kang mapan ana awake jalaran dheweke ngalami *translokasi* antar dhaerah kang beda bab sosial budayane.

Transformasi Idhenti Kultural

Idhenti kultural angslup nalika jaman kolonial lan ana ing jaman sabanjure yaiku jaman pascakolonial. Senajan idhenti kultural kasebut angslup, nanging ngalami *transformasi* kang dawa (Hall, 1994:231). *Transformasi* kang konstan lan dawa kasebut kang kaalami saka kahanan kang kekal tumuju jaman sadurunge kang *esensial* (wigati) tumrap bebrayan pascakolonial. Anane *transformasi* kasebut nggawe owah budaya kang asli. Idhenti kultural dibentuk saka anane pirembugan budaya lumantar sejarah kang ana sesambungane karo pemerintahan panguwasa lumantar *transformasi* lan budaya kang beda (Angkasa, 2015:7).

Proses *transformasi* idhenti kultural kang sadurunge ana proses *negosiasi* idhenti kultural kang kalami dening korban praktik kolonialisme. *Transformasi* ing kene duweni teges yaiku owah-owahane idhenti kultural kanthi nengene salah sawijine idhenti utawa kanthi ngombinasikake rong idhenti kasebut. Sajrone proses *transformasi* kang dialami dening pawongan nuwuhake rong kadadeyan yaiku proses *dekonstruksi* lan *rekonstruksi*. Kalorone nduweni pambada bab proses *transformasi* kang dialami. *Rekonstruksi* kang ngalami rong budaya kang beda kanthi dheweke bali ing budaya sadurunge lan ninggalake salah sawijine budaya kang tau disenengi. Dene, *dekonstruksi* padha kaya *rekonstruksi* kang padha-padha oleh pengaruh saka rong budaya, nanging dheweke ora ngalami pengaruh saka budaya sijine. Asile proses *transformasi* idhenti kultural kasebut minangka idhenti anyar. Cethane idhenti kultural yaiku idhenti kang anyar dudu pangilone ing jaman kawuri (Hall, 1994:237).

Diaspora

Istilah '*diaspora*' kang wiwitane digunakake ing kitab Injil nduwene kaum Nasrani kang terjemahan saka basa Yunani, saka rong tembung yaiku *dia* lan *spererein* kang tegese 'nyebarake' kanggo nuduhake bangsa Yahudi kang kausir saka negarane dhewe yaiku Babilonia ing taun 586M (Cohen sajrone Prastowo lkk, 2017:47).

Kanthi makna kang ana gandheng cenenge karo penyebaran utawa proses pendistribusian samubarang utawa manungsa ing wilayah kang luwih amba. Andharan kasebut nuduhake yen *diaspora* minangka pawongan kang dadi korban saka anane kolonialisme sajrone sawijine negara kang sumebar ing maneka warna negara. Genahe, *diaspora* yaiku bubare sawijine bangsa kang sumebar ana ing maneka warna negara (Jazuli, 2017:98).

Ana patang kelompok *diaspora* Indonesia miturut Djalal (sajrone Jazuli, 2017:98) yaiku, (1) WNI kang manggon ing manca (nduweni paspor Indonesia kanthi sah), (2) warga Indonesia kang dadi warga negara asing jalaran proses *naturalisasi* lan ora nduweni paspor Indonesia, (3) WNA kang nduweni sesepuh utawa leluhur asal Indonesia, lan (4) WNA kang ora ana sambung rapete karo Indonesia nanging tresna banget karo Indonesia. Kapapat kelompok kasebut kang nuduhake pawongan kasebut sinebut *diaspora* Indonesia. Cethane pawongan kang sinebut *diaspora* Indonesia yaiku pawongan kang ana gandheng cenenge antarane Indonesia lan negara manca.

Eksil

Kaum *eksil* yaiku wong Indonesia ing nalika ana kadadeyan ing taun 1965 dumadi ing Indonesia, dheweke lagi ana ing negara manca kanggo maneka warna kebutuhan kayata sekolah, kerja, lsp (Gusnelly, 2017:34). Jalaran ing antarane taun 1965-1966 minangka punjere sejarah Indonesia modheren. Ing rong taun kasebut minangka kiblat kebangsaan lan kenegaraan Indonesi sabanjure. Prakara kang sepisan yaiku anane Gerakan 30 September (G30S) ing pungkasan taun 1965 kang sajrone sejarah Orde Baru kang ana sambung rapete karo Partai Komunis Indonesia (PKI), mula jenenge diowahi kanthi G30S/PKI.

Ontran-ontran kasebut kang dumadi sajrone negara Indonesia lan para pemerintahe padha ngurusi prakara sajrone negara, lan anane wong Indonesia kang lagi ana ing negara manca ora kaurus, dene wong-wong kasebut anggone ing paran jalaran utusan saka Presiden Soekarno, jalaran sing mungkasi prakara kasebut pamrentahan Soeharto kang nengene bab militer. Mudzakkir sajrone jurnale kanthi irah-irahan *Kaum Nasionalis di Perasingan*, ngandharake yen Presiden Soeharto menehi keputusan yen wong kang lagi ing negara manca kasebut bakal diakoni minangka warga negara Indonesia nanging kudu janji setya marang pemerintah lan gegara kang ana sajrone negara jalaran PKI lan Soekarno melu sajrone gegara kasebut. Dene syarat kasebut yen ora kaleksanan bakal ora diakoni minangka warga negara Indonesia, cethane kewarganegaraane bakal dicabut yen ora gelem sarujuk karo prajenjen kasebut. Banjur syarat kang diandharake dening Soeharto kasebut katampik.

Anggone nampik para warga kasebut jalaran ora sarujuk karo perjanjian kang kaloro yen nuduhake menawa Soekarno melu cawe-cawe babagan gegara G30S/PKI. Dene nasipe kang nolak prajenjen kasebut nggawe dheweke ora diakoni minangka warga negara Indonesia lan ora diolehi bali utawa sambang ing

Indonesia. Mula wong-wong kang lagi ana ing negara manca milih netep ing negara kasebut najan sejatine rasa nasionalismene mring negara Indonesia gedhe.

Indies

Indies minangka istilah kang tuwuh sajrone tetembungan historiografi Indonesia lan memori sosial kolektif wong Indonesia, paling ora tumekane taun 1990-an (Wardani, 2010). Cethane tembung *indies* wiwit ana nalika jaman penjajahan Walanda. Tuladhane kaya pethilan istilah nalika penjajahan Walanda yaiku *Indische Partij*, *Indische Vereeniging*, *Indische Katholieke*, lan sapanunggalane. Istilah-istilah kasebut nuduhake yen *indies* saka tembung *indische* kang nemu teges yaiku Hindia. *Indischgast* utawa *indischman*, saka basa Walanda nduweni teges minangka wong Walanda kang manggon suwe ing Indonesia. Dene, *Hij Is Indisch* kang artine nduweni trah utawa titisan Indonesia.

Indies utawa *indo* yaiku istilah kang cedhek kanggo mangerteni bab percampuran, peranakan, lan wong asing (Prastowo lkk, 2017:62). Istilah *indies* kasebut digunakake kanggo nuduhake pawongan utawa pakumpulan wong campuran Asia-Eropa, mligine kanggo bebrayan lokal kang kacamuran wong Walanda. Pawongan kang keturunan saka Walanda lan Jawa uga sinebut *indies* masiya manggon ing Indonesia utawa ing paran. Jalaran kang dadi punjere kang sinebut wong *indies* yaiku saka anane campuran keturunan wong Indonesia lan liya Indonesia.

Konsep Dhiri

Konsep dhiri mapan ing dhiri pribadi manungsa kang beda antarane wong siji lan sijine. Rogers sajrone Widodo (2006:2) ngandharake yen konsep dhiri minangka terjemahan saka *self-concept* lan ana gandheng cenenge antarane kapribaden individu jalaran konsep dhiri yaiku sawijine susunan sajrone kapribaden. Kapribaden kang bisa dititoni saka tumindak saka tumindak lan ekspresine, nanging kang sinebut konsep dhiri ora bisa dititiki saka semono. Tegese, konsep dhiri bisa dititiki saka tumindak utawa ekspresi pawongan kang wis dadi pakulinan ing saben dinane. Cethane konsep dhiri minangka kapribaden pawongan kang tansah dicakake ing saben dinane.

Ana limang faktor kang dhasari konsep dhiri miturut Burns (sajrone Widodo, 2006:4) yaiku (1) citra dhiri, kang isine ngandharake babagan kesadharan lan citra awak kang wiwitan kanthi adhedhasar persepsi indrawi, petangan iki minangka inti lan dhasar saka acuan lan idhentiiti kang dibentuk, (2) basa kang digunakake kanggo cecaturan, (3) imbal balik saka lingkungan, tegese ana imbal balik saka wong kang ana ing sakupenge minangka efek saka proses sosial, (4) tumindak ing bebrayan bab *gendere*, lan (5) pola asuh, tumindak, lan komunikasi wong tuwa, tegese bab piwulang kang diwulangake wong tuwa. Lima faktor kasebut kang dideleng saka pakulinane pawongan ing sabendinane. Kelima faktor kasebut uga ndhasari anane konsep dhiri pawongan kang uga bisa dadi idhentiiti saka pawongan kasebut.

Konsep Dhiri Wong Jawa

Konsep dhiri wong Jawa miturut Widodo (2006:1) kaperang dadi loro yaiku Jawa pedhalaman, lan pesisiran. Pamerangan kasebut adhedhasar budaya utawa pakulinan kang ditindakake kaya dene logat, panganan, upacara-upacara, kesenian, lsp. Bab bedane kaloro antarane wong Jawa pesisiran lan pedhalaman uga adhedhasar papan panggonan minangka panggonan wiwitan kang dadi awitane proses piwulang kang diwulangke marang pawongan kasebut.

Wong Jawa pesisiran yaiku kang duweni konsep dhiri teges, blak-blakan, cara omonge kang kalebu kasar, lan yen dititiki saka bab agama wong Jawa pesisiran luwih ngerti tinimbang wong Jawa pedhalaman (Thohir sajrone Widodo, 2006:6). Bab kasebut dumadi jalaran anane budaya kang dianut kang ana pengaruh saka maneka warna budaya jalaran papan panggonane minangka jalur mlebu wong-wong njaba kang nggawa budaya asale. Genahe, anane pengaruh saka budaya liya saka wong Jawa pesisiran kaya kang diandharake Jatman (sajrone Widodo, 2006:6), yen budaya Jawa pesisiran wis ana pengaruh saka budaya Islam, Cina, India, uga Portugis.

Dene, konsep dhiri wong Jawa pedhalaman kang padha karo budaya India yaiku luwih mentingake bab suba sita, luwih ngunggulake status sosial, lan ngagumi aluse jiwa kang diwujudake liwat kesenian (Jatman sajrone Widodo, 2006:7). Cethane wong Jawa pesisiran luwih alus lan nengenake bab rasa. Bab kasebut dumadi jalaran akeh-akehe budaya saka wong Jawa pedhalaman kang ana pengaruh saka budaya India utawa Hindu kang ana sadurunge Islam mlebu ing pulo Jawa.

Konsep Dhiri Wong Walanda

Negara Walanda minangka negara cilik kanthi 12 provinsi manggon ana ing sisih kulon segara Eropa. Pendhudhuke kang asale saka bangsa Jerman. Walanda uga dadi panggonane wong *imigran* saka negara bekas kolonine kayata Indonesia lan Suriname. Dene basa kang digunakake yaiku basa Belanda kang asale saka basa Jerman Rendah kang awitane diandharake dening kaum Frank (wong-wong Jerman kang pindhah ing Walanda rikala taun 300-an). Pamrentah Walanda menehi kebebasan ing babagan kapercayan kang dinut pendhudhuke, nanging ana rong agama kang yaiku Katolik Roma lan Protestan, nanging ana uga pendhudhuk Walanda kang ora duwe agama utawa sinebut atheis. Babagan panganan, pendhudhuk Walanda luwih dhominan ing panganan kang arupa keju (Pete, <https://www.kembangpete.com/2014/08/24/profil-lengkap-negara-belanda/>).

Walanda ora nengenake babagan kelas sosial yen sesrawungan karo wong liya. Hutagalung, lkk (2012:3-4) ngandharake yen ing Walanda bab urusane perindhividual wis diurus dening pamrentah, kanthi ing abad-19 wis ana undhang-undhang kang ngatur bab hak pandhudhuke kanggo manggoni lemah Walanda. Cethane wong Walanda nganggep yen kabeh wong iku padha ora gumantung kelas sosial, keturunan, derajat, lsp. Wong tuwa ing Walanda luwih seneng diceluk kanthi jeneng

wae ora nggunakake embel-embel bapak utawa ibu, jalaran dinilai luwih akrab.

Novel

Salah sawijine karya sastra fiksi kang awujud crita dawa lan rowa sinebut novel. Miturut Sumardjo lan Saini (1997:29), novel yaiku cerita kang awujud gancaran kanthi ukuran kang amba. Ukuran kang amba ing kene nduweni arti yen plot utawa alur kang kompleks, maneka warna karakter, tema kang kompleks, kahanan cerita kang warna-warna, uga setting cerita kang maneka warna. Jangekepe, novel yaiku crita kang nduweni wujud gancaran kang lumayan rowa lan ngandharake panguripan ing sabendinane. Cethane novel yaiku salah sawijine karya sastra fiksi kang isine babagan imajinatif pangripta kanthi alur kang kompleks lan maneka warna setting uga pamaragan.

Landhesane Teori

Novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo iki mujudake crita kang ngangkat tema babagan indhenti. Genahe isi saka novel KSSM kasebut nyeritakake babagan panguripane wong *diaspora* Indonesia (*eksil* lan *indies* Jawa) kang ana ing negara manca. Prakara-prakara kang ana sajrone cerita kasebut nuduhake prakara babagan idhenti kang dialami dening para paragane. Cetane idhenti kang nengenake babagan budaya kang katindakake para paraga ing saben alur ceritane.

Teori kang bakal digunakake sajrone panliten yaiku teori poskolonial Stuart Hall bab idhenti kang sambung karo prakara-prakara kang ana sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo. Stuart Hall ngandharake yen indhenti tuwuh saka anane respon saka anane pelanggaran-pelanggaran kang nuwuhake reribet lan trauma saka sejarah lan budaya (Gandhi, 2014:164). Andharan kasebut minangka teken utawa dhasar kanggo ngoceki prakara panliten.

METODHE PANLITEN

Ancangane Panliten

Jinis panliten kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliten kualitatif. Metodhe kualitatif yaiku dhata kang ditindingi lan asil tintingane awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variabel (Aminuddin, 1994:15). Dene, dhata sajrone panliten kang arupa angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variabel kalebu panliten kanthi metodhe kuantitatif.

Metodhe dheskriptif minangka prosedhur pamecahan perkara kanthi nggambarake utawa nglukisake kahanan subjek utawa objek panliten adhedhasar kasunyatan kang katon apa anane. Cethane metodhe dheskriptif kualitatif kang gayut karo panliten iki yaiku metodhe kang digunakake kanggo objek kaji arupa tetembungan saka pethilan novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo. Dene metodhe dheskriptif kualitatif kang tujuwane kanggo nggambarake cerita sajrone andharan sing trep klawan kekarepane panliti lan ora ngutamakake bab angka, nanging penghayatan marang intruksi antarane konsep sing arep ditindingi kanthi cara empiris (Semi,

1998:23). Cocog karo andharan kasebut yaiku pamilihe metodhe dheskriptif kualitatif minangka metodhe kanggo ngonceki underane prakara sajrone novel KSSM kang dhatane arupa tetembungan lan asile panliten uga arupa tetembungan. Cethane dhata panliten iki kang arupa dhata dheskriptif dudu dhata matematis utawa statistik.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber Dhata

Sumber dhata kaperang dadi loro adhedhasar langsung orane sumber dhata kasebut kaasilake. Kaya kang diandharake Arikunto (2006:128), yen sumber dhata kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sekundher. Genahe sumber primer yaiku dhata kang langsung menehi dhata kanthi langsung marang panliti. Dene sumber sekundher yaiku sumber kang ora menehi langsung dhata marang panliti, nanging paedahe yaiku kanggo ndhukung sumber dhata primer.

Sumber dhata sing digunakake kanggo nggoleki dhata ing panliten iki amung munjer ing sumber dhata primer, jalaran panliten iki kang nggunakake metodhe kualitatif. Sumber dhata kang digunakake kajupuk langsung saka novel. Cethane sumber dhatane yaiku novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo. Nanging kanggo njangkepi dhata kang ana sajrone novel KSSM perlu anane dhata pendhukung kang mapan ana sajrone panliten-panliten sadurunge kang ngandharake panguripane kaum *diaspora*, dhata kasebut uga bisa sinebut sumber dhata sekunder.

Dhata

Dhata minangka objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dene dhata saka panliten iki kang arupa pacelathon antarane para paragane, tetembungan, utawa paragraf kang ana ing novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo sing gegayutan karo prakara kang bakal ditliti. Dhata kasebut cethane kang ana gandheng cenenge karo idhenti kang kababar sajrone novel kasebut.

Prakara idhenti kultural para paraga kang kababar ana papat yaiku titikan idhenti kultural, *negosiasi* idhenti kultural, *transformasi* idhenti kultural, lan idhenti kultural pascakolonial sajrone novel KSSM. Prakara kang sepisan bab titikan idhenti kultural kang dadi punjer utawa idhikator kanggo nemtokake apa wae kang kalebu idhenti kultural. Kaloro *negosiasi* idhenti kaum *diaspora* mligine kaum *eksil* lan *indies* sajrone novel. Katelu babagan *transformasi* idhenti kultural kang kaalami dening paraga minangka kaum *diaspora* sajrone novel. Dene idhenti kultural pascakolonial kang ngandharake babagan maneka warna golongan idhenti kultural kang katemukake sajrone novel KSSM.

Instrumen Panliten

Panliten jinis kualitatif, kang dadi instrumen panliten yaiku panliti kasebut. Kaya kang diandharake dening Sugiyono (2017:222) yen panliten kualitatif kang dadi instrumen utawa alat panliten yaiku panliti dhewe. Cocog karo andharan kasebut mula instrumen panliten sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nindakake lan nintingi panliten kanthi ngonceki

prakara-prakara kang ana sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo babagan idhentiiti kaum *diaspora* mligine kang mambu dharah Jawa.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata ana maneka werna cara, dene kang cocog karo panliten iki yaiku kanthi cara studi pustaka. Teknik studi pustaka yaiku cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka utawa maca langsung kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha (Ratna, 2010:39). Sambung karo panliten iki kang anggone nglumpukake dhata arupa menehi tandha utawa simbol sajrone novel, mula tata cara nglumpukake dhata nggunakake teknik studi pustaka. Jalaran ana patang prakara kang ana sajrone panliten iki mula uga ana patang tandha utawa simbol kang beda kanggo nglumpukake dhata.

Kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki kang kaperang dadi telung tahapan. Bab kasebut jumbuh karo andharane Endraswara (2013:162-163), kang merang tata cara kanggo nglumpukake dhata dadi telu perangan. Tata cara kasebut yaiku nemtokake unit analisis, nemtokake dhata, lan nyathet dhata.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Panliten iki kang nggunakake metode panliten dheskriptif kualitatif, mula sajrone tata cara njlentrehake dhata kanthi dheskriptif. Cethane dhata kang wis diklumpukake banjur kajlentrehake kanthi nggunakake tetembungan jalaran dhata kang diklumpukake uga arupa tetembungan. Cocog kaya kang diandharake Ratna (2010:339-340) yen analisis panliten kanthi dheskriptif yaiku katindakake kanthi nintingi prakara-prakara kang kinadhut sajrone dhata.

ANDHARAN

Titikan Idhentiiti Kultural sajrone Novel KSSM

Idhentiiti kultural minangka wujud budaya jalaran ditindakake dening manungsa ing saben dina lan dadi pakulinan sajrone bebrayan. Kanggo mangerteni wujud idhentiiti kultural yaiku kanthi nengeneke titikan idhentiiti kultural. Hall (1994:230), ngadharkake yen ana telung titikan kang digunakake kanggo nitiki wujud idhentiiti kultural, yaiku kapitayan, rasa ayam, lan pakulinan. Telung prakara kasebut mapan ing pawongan kang ana ing padinane.

Kapitayan Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Kapitayan minangka salah siji saka telung titikan idhentiiti kultural. Kaya kang diandharake dening Hall (1994:227), yen salah siji bab titikan idhentiiti kultural yaiku prakara kapitayan minangka wujud spiritual sajrone pawongan. Spiritual minangka kapitayan kang dialami pawongan kalebu wujud *komunikasi* marang Pengerane. Saben pawongan mono nduweni kapitayan seje kaya wong liyane. Kanggo luwih cethane, bab kapitayane pawongan dadi loro yaiku mistis lan mitos (Endraswara, 2006:5). Ing ngisor iki kapitayan bab mistis kang dialami dening kaum *diaspora* sajrone novel KSSM.

Wong-wong Jawa trah Atmopawiro uga werna-werna agamane kayata Islam, Katolik, kristen, lan Kejawen. Simbahku dhewe nganggep Kejawen iku dalan urip, seje karo sing diarani agama. Mulane dheweke iku Islam Kejawen. Ya shalat, ya pasang sajen ing dina-dina penting (Prastowo, 2017:73/KSSM).

Pethilan kasebut minangka andharane Trisnah babagan simbahe kang isih mercayani laku spiritual kejawen kang ana ing Jawa. Tumindake mbah Soedinah sajrone pethilan kasebut kang pasang sajen ing dina-dina kang dianggep penting minangka wujud ritual kang ditindakake minangka *komunikasi* antarane dheweke lan Pengeran. Dene pasang sajen kang ditindakake dening mbah Soedinah kasebut uga dipercayani dening dheweke senajan dheweke ngenut agama Islam. Genahe, agama Islam kang dinut dening mbah Soedinah kasebut minangka sarana kang nuduhake dheweke bab tindak tanduk kanggo *komunikasi* marang Pengerane.

Anane sesajen kang dinut saperangan wong Jawa, dene pandhanga Islam bab sajen kasebut yaiku sajen minangka wujud nyodhakoh (Ardiansah, 2017:307). Dene tembung 'shodakoh' duweni teges yaiku nyata, bener, lan persahabatan. Miturut terminologi, shodakoh yaiku menehi samubarang marang liyan minangka wujud persahabatan tanpa anane imbal balik lan kepengin antuk berkah saka Gusti. Genahe, pasang sajen kang ditindakake dening pawongan kejawen menehi arti yen sajen mono kalebu shodakoh amrih sakabehe pepenginan bakal dikabulake dening Gusti.

Wong tuwane Restu, yaiku Ibu Tika lan Bapak Mugi uga melu ngewangi nyepakake pendhapa desa Kaliadem kanggo kenduri cara agama Islam. Pak Mugi, bapake Restu uwis ngundhang puluhan santri saka Pondok Pesantren Pleret, supaya melu dedonga. Tante Lili lan Sekar ugan ngundhang kanca-kancane saka Gereja Katolik Bintaran kutha Yogyakarta supaya bisa dedonga kanggo slametan Aditya. Frank lan Renske kang kalebu *free thinkers* ngiwangi mbah Bero gawa uba rempe kejawen (Prastowo, 2017:249-250/KSSM).

Pethilan kasebut minangka narasi kang nggambarake kahanan nalikane Aditya arep dislameti amrih sukmané bali ing ragane maneh. Slametan kasebut ditindakake dening maneka warna pawongan kanthi agama minangka kapitayan kang beda-beda nanging nduweni tujuwan kang padha yaiku kanggo kaslametane Aditya. Sambung karo andharane Endraswara (2006:24-25) yen senajan ana maneka werna agama kayata Islam, Kristen, Katolik, Hindu, Buda, Santri, Priyayi, lan Abangan, sakabehé kuwi bakal lebur sajrone ritual mistik kejawen.

Bab kasebut uga ditindakake dening kaum *diaspora* Jawa yaiku Sekar lan Frank kang melu slametan kasebut. Genahe, pethilan kasebut nuduhake yen Sekar minangka wong *indies* ngenut agama Katolik. Dene Frank minangka anak turune wong *indies* kang ora duweni agama utawa sinebut *free thinkers*. *Free thinkers* mono tembung saka basa Inggris kang tegese wong-wong kang

ora nduwe agama, utawa ‘bebas mikir’ yen dijarwakake saka basane. Senajan Frank ora nduweni agama utawa diarane *free thinkers* kasebut kang mbantu mbah Bero kanggo nyepakake uba rampe cara kejawen kanggo slametane Aditya. Para kaum *diaspora* kasebut dedonga minangka laku spiritual kanthi cara agamane dhewe-dhewe nanging padha tujuwane.

Gegambaran kang ana ing pethilan kasebut uga minangka kasunyatan kang dialami bebrayan Walanda kang urip ing kana. Ana maneka warna agama kang dinut dening wargane, dene pamrentah uga menahi kebebasan kanggo wargane supaya ngenut agama kang disregi. Pamrentah uga menahi perlindungan kanggo wargane bab kapitayan lan upacara keagamaan. Dene kang dialami dening Frank mono padha kaya budaya kulonan kang ora migatekake bab agama sing penting dheweke percaya anane Pengeran. Kahanan kasebut uga kalebu laku spiritual minangka perangan kapitayan kang diugemi dening kaum *diaspora* kang ana sajrone novel KSSM. Saliyane bab mistis, ing novel KSSM uga ngandharake bab kapitayan marang mitos kang dialami dening kaum *diaspora* kaya ing ngisor iki.

“Apa bedane kembang kang didol wong Landa tinimbang kembang kanggo nyekar bu?” takonku.
“Ya melati, kenanga kabeh saka Venezuela wuk. Ora ana kembang kaya ngono neng Walanda. Mulane seje. Iku kembang penting tenan tumrap wong Jawa, nanging ora thukul neng kene,” ngendhikane ibukku (Prastowo, 2017:71/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake anane kapitayan kang dinut dening kulawargane Trisnah minangka paraga kaum *diaspora* sajrone novel KSSM. Cethane kapitayan bab kembang kang digunakake kanggo ngirim wong kang wis tilar donya kang disebar ing pesareyane. Kembang kang digunakake ora mung awujud kembang saeneke, nanging kembang tartamtu kaya dene kembang kenanga lan melati kang dianggep duweni makna tartamtu. Kembang kang digunakake kanggo upacara tradhisi Jawa duweni makna yaiku prakara panguripane manungsa kang lair, urip, lan mati. Kanthi pamilihe kembang kasebut kang nduweni makna tartamtu yaiku anane sesambungan karo jenenge. Kaya dene kembang kenanga kang ana ing pethilan kasebut duweni makna kanthi gayutake tembung ‘kena’ saka tembung ‘kenanga’, kang nduweni makna yaiku bab pepenginan saka kang duwe kajat bisa kena utawa dikabulake dening Gusti (Alkaf, 2013:219).

Rasa Ayem Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Rasa ayem antarane pawongan siji lan sijine beda-beda, jalaran punjer rasa ayem mapan ana batin saka dhiri pribadi pawongan. Rasa ayem uga nuduhake yen manungsa minangka makhluk indhividu kang beda antarane siji lan sijine. Nanging kanggo mujudake rasa ayem kasebut, mokal yen manungsa ora sawung utawa sesambungan karo liyan. Mula, manungsa minangka makhluk indhividu lan sosial ora bisa owal saka dhiri pribadi manungsane dhewe. Dene wujud saka rasa eyem kasebut ana maneka warna, kaya dene kang wujud swara

lan ana kang wujud pagelaran. Kaya kang diandharake dening Hall (1994:230) yen idhenti mono diturunake marang anak putu lumantar seni kaya dene gendhing lan irama. Dene, ing ngisor iki bukti anane rasa ayem wujud gendhing kang disenengi kaum *diaspora* sajrone novel KSSM.

...Esuk-esuk, aku uwis criwis lan mikir kang ora-ora. Iki mbok menawa jalaran saka swara lagu gendhing kroncong Jawa, nanging migunakake langgam Landa. Ing wektu kuwi, saka tangga omah jejer senthong kang tak sewa neng kutha Hilversum, Oma Lien saben dina mesthi ngrungokake gendhing keroncong langgam Landa Indies (Prastowo, 2017:2/KSSM).

Pethilan kasebut nggambarake kadadayan nalika Trisnah rumangsa waleh ngrungokake gendhing keroncong kang isine babagan Jawa kanthi basa Landa. Dene gendhing kasebut minangka lagu kesenengane Oma Lien, tangga kontrakane Trisnah kang mapan ana ing Hilversum. Saben isuk nalika Trisnah nyegat bus jalaran arep budhal kerja ing TV NPO, dheweke tansah krungu lagu keroncong kasebut kang diputer dening Oma Lien sinambi dheweke nyirami tanduran. Gendhing keroncong minangka gabungan saka rong budaya yaiku budaya Jawa lan Walanda kang dadi kesenengane Oma Lien minangka wong *indies*. Dene isine gendhing kang nyeritakake babagan Jawa nanging nggunakake basa Landa uga minangka gabungan saka rong budaya yaiku Jawa lan Walanda kasebut.

Sejarah gendhing keroncong kang minangka gendhing campuran saka Indonesia lan Portugis, dene ing Portugis kang dikenal kanthi aran ‘fado’ (Ganap, 2006:1). Wiwitan anane gendhing keroncong ing Indonesia nalika abad 16. Dene ing jaman kasebut Portugis njajah saperangan wilayah nuswantara. Cethane, anane proses kolonialisme saka Portugis kang menahi pengaruh kanthi wujud gendhing. Banjur, dening seniman Jawa kang dikombinasikake karo gamelan, kang dadi kaya gendhing keroncong kang asring dirungokake ing Indonesia mligine Jawa. Bab kasebut kang uga dirasakake dening oma Lien kang seneng marang gendhing keroncong kang dikenalake dening sindhen *indies* yaiku tante Lien. Bab gendhing keroncong minangka rasa ayem uga ana gendhing klenengan kang disenengi kaum *diaspora* saka Suriname kang pindhah ing Walanda, kaya kang ana ing pethilan ing ngisor iki.

Aku lan Wagimin dadi kepala Paguyupan Rukun Budi Utama ana ing Den Haag. Wiwit saka iku, aku beksan gambyong, Wagimin nggamel langgam Suriname utawa klenengan. Nalika iku Soekarmin lan Siwon isih cilik. Urip tansah rekasa tenan manggon ana ing negara kang adhem ora eram (Prastowo, 2017:80-81/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake kadadayan nalikane simbah putri lan simbah kakunge Trisnah kang miwiti pindhah saka Suriname ing Walanda kang ngeluri kabudayan Jawa kang digawa ing Suriname banjur ing Walanda yaiku kanthi nuduhake bab gendhing gamelan

Jawa, dene digawa ing Suriname sinebut klenengan. Pambeda saka langgam Jawa kang saka Suriname lan Jawa yaiku bab ilmu tata cara nabuh saka kaloro dhaerah kasebut. Ing Jawa kang gampang kanggo sinau bab tata cara nabuh jalaran ana guru kang ngerti tata cara nabuh lan anane buku kang gawe jangkep kanggo sinau nabuh gamelan. Dene, ing Suriname tata cara nabuh amung diwulangake dening wong Jawa kang ngerti tata cara nabuh kang bener. Cethane, saka sumber tata cara nabuh gamelan kang bener kang dadi pambeda saka tata cara nabuh gamelan. Pambeda liyane uga saka bahan gamelane. Gamelan ing Jawa kang digawe saka kuningan, nanging ing Jawa nggunakake wesi (Prastowo, lkk, 2017:81). Mula, saka bahan kang beda kasebut gawe bedane asil swara nalika gamelan ditabuh. Pethilan kasebut nuduhake gendhing langgam Suriname kang ditabuh cara Suriname lan gamelan wesi kang swarane beda karo gendhing Jawa ing Jawa. Saliyane gendhing kang disenengi kaum diaspora, uga ana tontonan minangka rasa ayeme. Bab kasebut kabunten ana pethilan ing ngisor iki.

Nganti saiki, aku tansah tresna marang simbah kakungku. Wektu iku, simbah kakung seneng mitontonake main ludruk, wayang wong Jawa-Suriname neng Den Haag. Wiwit pindhah manggon neng Walanda, simbah kakung tansah isih nguri-uri kabudayan Jawa (Prastowo, 2017:62/KSSM).

Narasi minangka panjlentrehan kang ana ing pethilan kasebut saka pamikire Trisnah bab simbahe kang wis tilar donya. Nalika cilikane Trisnah lan simbahe isih sugeng, dheweke asring dijak nonton tontonan kang mambu budaya Jawa yaiku ludruk lan wayang wong. Tontonan kang arupa ludruk lan wayang wong kasebut padha kaya kesenian kang ana ing Jawa, nanging jalaran papan panggonane lan paraga kang nindakake pagelaran saka Suriname mula katambahan embel-embel Suriname minangka arane yaiku 'Jawa-Suriname'. Dene tujuwane anane pagelaran kesenian Jawa Suriname kasebut uga kanggo hiburan tumrap wong Jawa kang ana ing Suriname amrih bisa ngrasakake nonton pagelaran Jawa senajan beda panggonan. Nanging nalika para kaum *diaspora* Jawa padha pidhah ing Walanda, kesenian kasebut uga digawa lan dileluri dening para kaum *diaspora* Jawa saka Suriname kasebut.

Pakulinan Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Pakulinan minangka tumindak kang ditindakake terustusan najan ora saben dina. Pakulinan uga bisa dadi gaya utawa *style* saka pawongan, kang mbedakake pawongan siji lan sijine. Dene, gaya utawa *style* pawongan tartemtu kang nuduhake idhentiiti saka dheweke. Cocog karo andharane Hall (1994:228), yen idhentiiti bisa dideleng saka standar gaya pangururipane pawongan kasebut. Kaya dene kaum *diaspora* kang manggon ana negara manca uga duweni pakulinan kang dadi titikan saka dheweke minangka kaum *diaspora*. Pakulinan saka tumindake kaum *diaspora* mligine Jawa ana kadadayan minangka asil saka *hibriditas* rong budaya

minangka papan panggonane. Kaum *diaspora* duweni pakulinan kang ana gandheng cenenge karo budaya Jawa lan budaya Landa sajrone novel KSSM kanthi kaperang dadi enem yaiku wicara, pakaryan, panganan, tradhisi, busana lan suba sita. Bab kasebut kaandharake ana ing ngisor iki.

1) Wicarane Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Wicara minangka salah sawijine wujud yen manungsa mono makhluk sosial kang ora bisa owal saka manungsa liyane. Dene kang diandharake nalika wicara kanthi simbol tartamtu kang sinebut basa. Basa kang digunakake minangka simbol lan tansah nduweni makna kang sansaya amba ing saben dinane kang bisa mempengaruhi bab politik lan ekonomi (Hall, 1994:229-230). Bab wicara kang ditindakake kaum *diaspora* sajrone novel KSSM kang ana gandheng cenenge karo budaya Jawa kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

“Pancen yen wong Jawa ing paran bisane ngoko lapiye maneh. Basa krama mung kanggo sarana pranata cara kang penting,” Aditya mangsuli.

“Ya leres iku, senajan sethithik, mesthine isa yen gelem sinau basa krama...” (Prastowo, 2017:90/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake kadadayan nalika Aditya lan Trisnah lagi rembugan prakara budaya Jawa kang dinut dening kaum *diaspora* kaya dheweke lan Trisnah. Kadadayan kasebut nalikane Aditya lan Trisnah bubar ngeterake mbah Soedinah les basa Indonesia, banjur dheweke mandheg ana ing taman jalaran ana janji karo tim TV NPO Nederlands Indie liyane. Anggone ngenteni tim liyane wektune kagunakake kanggo rembugan bab budaya Jawa karo Trisnah. Aditya kang ngadhakake yen basa Jawa kang digunakake pacaturane dening kaum *diaspora* Jawa yaiku basa Jawa ngoko, dene basa Jawa krama amung digunakake kanggo upacara tradhisi tartamtu. Mula, arang basa krama digunakake kanggo pacarutan dening kaum *diaspora* kang ana ing Walanda.

2) Pakaryane Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Bab pakaryan kang ana gandheng cenenge karo idhentiiti kultural jalaran pakaryan kang dadi dhasar ekonomine pawongan tartemtu. Kaya kang diandharake dening Hall (1994:229), yen idhentiiti pawongan bisa dideleng saka struktur posisi khusus kang mbentuk prakara dhasarane saka ekonomi. Dene, bukti pakaryane kaum *diaspora* sajrone novel KSSM kang ana gandheng cenenge karo budaya Jawa ana pethilan ing ngisor iki.

Bapake Trisna iku kepala pakumpulan wong Jawa jenenge Rukun Budi Utama neng Den Haag. Ibune Trisna uga seneng nguri-uri kabudayan Jawa kanthi dadi guru tari lan gamelan langgam Suriname nang kantor wakil pamarentah Indonesia neng Den Haag. Simbahe Trisna iku dhukun bayi lan dhukun manten kang kari siji neng Walanda (Prastowo, 2017:29/KSSM).

Pethilan kasebut minangka narasi kang nuduhake kahanan kulawargane Trisnah. Bapake kang dadi kepala pakumpulan wong Jawa Suriname kang manggon ing Walanda kanthi diwenahi aran pakumpulan 'Rukun Budi Utama', ibuke kang dadi guru tari lan gamelan langgam Suriname kang mapan ing kantor wakil pamarentah Indonesia neng Den Haag, dene simbah putrine kang dadi siji-sijine dhukum bayi lan dhukun manten kang ana ing Walanda. Andharan kasebut nuduhake yen kulawargane Trisnah mono dadi panggedhe bab budaya Jawa ing Walanda.

3) Panganane Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Panganan kalebu titikan idhenti kultural bab pakulinan jalaran panganan kang dipangan pawongan beda-beda gumantung slerane kang sabanjure dadi gaya utawa *style* saka pawongan kasebut (Hall, 1994:228). Dene panganan kasebut uga ana gendheng cenenge karo panganan kang ana ing Jawa uga minangka budaya Jawa. Bab kasebut kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

"Kelingan ora? Jamanmu isih bocah yen simbahmu iku gawe roti rambes wong Jawa-Suriname, mesthi kowe nomer siji saba pawon. Yen ana sega berkat durung didongani karo mbah kaum, lan mbah dhukun saka lurah Den Haag, wis mok comot wae. Diseneni wong sak mbrayat, ra mbok gagas. Kowe iki jan tus Jawa, ta ndhuk" jarene ibuke Trisna, Carmen (Prastowo, 2017:32/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake kadadeyan nalika Trisnah sambang kulawargane neng Den Haag. Nalika dheweke sambang lan mangan bareng, Trisnah tansah dicritani bab Jawa. Jalaran nalika iku Trisnah isih sengit karo budaya Jawa. Mula, kulawargane kang kalebu panggedhe budaya Jawa kang ana ing Walanda kepengin Trisnah ngerti lan tresna marang budaya leluhure. Kaya dene anggota kulawarga liyane kang tresna banget karo budaya Jawa.

Usaha kang digunakake kulawargane Trisnah kanthi ngeling-eling kahanan nalika Trisnah isih cilik kang ana sesambungane karo budaya Jawa. Kaya pethilan ing dhuwur minangka andharane ibuke Trisnah yen nalika Trisnah isih cilik seneng banget mangan berkat saka upacara tradhisi Jawa Suriname. Trisnah mono turunan Jawa saka simbahe kang asli Jawa Tengah, mula awit cilik wis dikenalake panganan kang mambu panganan Jawa kaya dene berkat.

4) Tradhisi kang Digelar dening Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Tradhisi kang dinut dening kaum *diaspora* Jawa sajrone novel KSSM uga ana gendheng cenenge karo tradhisi kang ana ing Jawa senajan dheweke urip ana ing Walanda. Nangin saka tradhisi kang ana ing Jawa lan Walanda kasebut isih ana pembedane. Bab kasebut kang kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Uwis dadi kabudayan wong Jawa saka Suriname saben ana acara penting bab urip manungsa kayata babaran, selapanan, tedhak siten, manten, lelayu, lan liyan-liyane, mesthi ana pambuka utawa saka

kulawarga kang duwe kajat ndongake laku urip kang dislameti. Kaya isuk iki, simbah putriku karo mbrambangi ndongake crita laku urip saka swargi sigaraning uripe (Prastowo, 2017:81/KSSM).

Pethilan kasebut minangka narasi kang nuduhake anane tradhisi Jawa yen isih diugemi dening kaum *diaspora* Jawa saka Suriname kang manggon ing Walanda. Tradhisi kang isih diugemi bab upacara cakra manggilangane manungsa saka manungsa ana ing kandhutan kanthi tekane pati. Kaya ing pethilan kasebut ngadhakake maneka warna tradhisi Jawa kang ana ing Walanda kang ditindakake dening kaum *diaspora* Jawa kaya dene kulawargane Trisnah.

Kaya dene kang ana ing pethilan kasebut nuduhake kadadeyan nalika kulawargane Trisnah ngadhakne tradhisi sewu dina tilar donya simbah kakunge Trisnah. Tradhisi sewu dina kasebut kang mbedakake karo tradhisi sewu tilar donya ing Jawa yaiku saka papan panggonan kang digunakake kanggo tradhisi kasebut. Dening kaum *diaspora* Jawa anggone ngadhakake tradhisi kasebut mapan ana pesareyane wong kang wis tilar donya, dene ing Jawa mapan ana omahe kulawargane wong kang tilar donya. Pambada liyane yaiku saka tata carane, kaya ing pethilan kasebut kang nuduhake pambada yaiku sadurunge tradhisi diwiwiti kulawarga utawa kang duwe kajat crita bab laku uripe wong kang wis tilar donya kasebut. Dene tata cara kang ana ing Jawa langsung dipimpin dening pemimpin donga tanpa anane crita saka sing duwe kajat. Andharan kasebut minangka tradhisi slametan tilar donya kang diugemi dening kaum *diaspora* kaya dene kulawargane Trisnah kaya kang ana sajrone novel KSSM.

5) Busanane Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Klambi uga dadi *style* saka saka pawongan kasebut kang ana gandheng cenenge karo pakulinan utawa budayane. Kaya dene sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo kang paragane minangka kaum *diaspora* Jawa kang urip ing Walanda uga nganggo klambi kang ana gandheng cenenge karo klambi Jawa. Bab kasebut kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Wis padha arep menyang Den Bosch, kang adohe kira-kira ana rong jam saka kutha Den Haag. Kaya dina paling penting ing kabudayan wong Jawa Suriname kang manggon ing Walanda, ibu, simbah putri, lan aku ora lali nganggo kebaya lan jarik. Bapak lan adhiku uga nganggo klambi batik lan blangkon warna ireng (Prastowo, 2017:63/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake klambi kang digawe dening kulawargane Trisnah kang nganggo klambi idhenti Jawa. Ibu, simbah putrine kang nganggo klambi kebaya lan jarikan. Dene bapak lan adhike Trisnah nganggo klambi batik lan blangkon warna ireng. Saka gaya utawa *style* kang digawe dening kulawargane Trisnah kasebut ana gandheng cenenge karo budaya Jawa lan *style* kasebut digawe nalika arep nekani upacara sewu

dina tilar donyane mbah Wagimin, simbah kakunge Trisnah. Sajrone upacara kasebut uga minangka dina pakumpulane wong Jawa saka Suriname kang ana ing Walanda. Mula, bab *style* uga diwigatekake kanggo nuduhake sawijine komunitas Jawa saka Suriname ing Walanda. Senajan anggane nganggo busana kasebut, kulawargane Trisnah tansah seneng marang busana kang digawe. Cethane, klambi kang digawe nalika ana upacara tradhisi utawa pakumpulan liyane ana gaya utawa *style* klambi kanggo nuduhake pakumpulan minangka komunitas kasebut.

Bab kebaya kang digawe dening para wadon kulawargane Trisnah lan kebaya mono minangka idhentiiti Indonesia kang dadi busana nasional kang digawe nalika ana acara resmi lan acara kang asipat tradhisional (Karyaningsih, 2015:7). Dene bab klambi batik lan blangkon warna ireng kang digawe dening para kakung kulawargane Trisnah uga padha kaya kebaya kang padha-padha ana gandheng cenenge karo budaya Jawa. Parmono (1995:29), ngandharake yen rikala abad ke-10, batik mono wis digawe dening bebrayan Jawa, lan Patih Gajah Mada nalika perang uga gawe batik Gringsingan, banjur batik sansaya ngrembaka rikala jaman kerajaan Mataram. Andharan kasebut nuduhake yen batik mono tansah ana gendheng cenenge karo budaya Jawa lan wis ana rikala jaman kerajaan Majapait. Dene blangkon warna ireng mono blangkon modhel Yogyakarta kang uga dadi idhentiiti komunitas gerakan padhepokan dakwah Sunan Kalijaga ing Indonesia (Najitama, 2016:36). Andharan kasebut uga nuduhake yen blangkon warna ireng kang digawe dening bapak lan adhike Trisnah minangka *style*-le kanggo nekani acara kasebut ana gandheng cenenge karo budaya Jawa.

6) Suba Sita Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM

Saperangan tumindak kang ditindakake uga nuduhake pakulinane ana kang nengenake budaya Jawa. Uga ana pakulinan kang ngombinasikake kaloro budaya kasebut. Dene, sakabehe pakulinan kasebut kang dadi *style* saka kaum *diaspora* Jawa kang urip ana Walanda kang kacaritakake sajrone novel KSSM. Ing ngisor iki saperangan suba sita sajrone tumindake kaum *diaspora* Jawa yaiku *indies* kang kena pengaruh saka budaya Jawa.

“Sepurane Mbak, eh... Trisna, aku ora kulina. Ora kulina nyeluk kang luwih tuwa, ora nganggo sebutan mbak. Kepriye wae, wong Jawa iku anggoning semu, sinamun ing samudana sesadone ingadu manis. Hmmm. Trisna ya wong Jawa ta. Senajan aku oleh getih Jawa saka ibuku wong Jogja, kowe saka Suriname,” tuture Sekar (Prastowo, 2017:8/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake kadadeyan nalikane Sekar pethuk karo Trisnah ing warung ngarep panggonane kerja nalika budhal kerja. Kanthi spontan Sekar nyapa Trisnah kanthi embel-embel ‘mbak’ marang Trisnah. Jalaran yen dideleng saka umur pancen tuwanan Trisnah tinimbang Sekar. Jalaran Sekar ibuke saka Jogja, mula dheweke didhidhik suba sita Jawa kang ngregani wong kang luwih tuwa. Kang ditindakake Sekar mono minangka suba sita

cara Jawa kanggo ngregani wong kang luwih tuwa. Suba sita kasebut uga nuduhake anane andhap asor saka wong enom marang wong kang luwih tuwa.

***Negosiasi* Idhentiiti Kultural sajrone Novel KSSM**

Hall (1994:234) ngandharake, yen idhentiiti kultural kadadeyan marang pawongan kang dijajah jalaran ngalami pambada babagan budaya lan sejarah saka panggonan siji lan sijine. Pambada bab budaya kasebut nuwuhake pawongan duweni rong idhentiiti utawa idhentiiti *ganda*. Rong idhentiiti kang beda ndadekake pawongan kasebut ngalami *negosiasi* utawa tawar-tiwaran babagan idhentiiti kang dinut utawa kang luwih ditengenake. *Negosiasi* kang dadi wiwitan alur idhentiiti kultural kasebut duweni rong prakara yaiku saka anane *translokasi* banjur *konstruksi* idhentiiti *ganda*.

***Translokasi* Kaum *Diaspora* sajrone Novel KSSM**

Translokasi utawa proses pindhah saka dhaerah siji tumuju dhaerah sijine kanthi maneka warna tujuwan. Hall (1994:232), ngandharake yen idhentiiti kultural kaleksanan dening pawongan kang ngalami lelungan adoh. Kaya dene kang dialami dening kaum *diaspora* Jawa kang pindhah saka Jawa tumuju negara Walanda lan Suriname kanthi maneka warna cara lan sebab. Ana kang dumadi nalika jaman penjajahan uga ing jaman pasca penjajahan. Novel KSSM kang isine babagan panguripane kaum *diaspora* kang urip ana ing Walanda uga nuduhake cerita babagan *translokasi* para paragane minangka kaum *diaspora* Jawa. Ing ngisor iki saperangan pethilan lan panjlentrehan babagan *translokasi* kaum *diaspora* Jawa kang ana sajrone novel KSSM.

Kapisan aku kenal dheweke nalika awakdhewe ing kapal kang padha yaiku Simaloer saka Jawa menyang Suriname nalika taun 1931. Aku isih isih bocah tansah mewek ngeling wektu kang nelangsa iku. Aku lan Wagimin padha-padha dibegal wong banjur didol marang wong Landa ing Semarang kanggo genep-genapan wong kang dipesen menyang Suriname (Prastowo, 2017:80/KSSM).

Pethilan kasebut minangka andharane mbah Soedinah kang crita babagan garwane sajrone upacara slametan sewu dina garwane sing wis tilar donya. Panguripan pait kang dialami dening simbah Soedinah lan garwane minangka kaum *diaspora* Jawa pindhah ing Suriname kanthi cara kang ala yaiku dibegal lan kepeksa urip ing paran. Nalika taun 1931, simbah Soedinah kang urip ing Gunung Kidul lan nalika dheweke dibegal ing dhaerah sacedhake candhi Prambanan nalika dheweke lagi nekani upacara tradhisi ing candhi kasebut. Banjur dheweke digawa ing Suriname bebarengan karo wong Indonesia kang sedya urip ana ing Suriname kanggo ngubah nasibe nalika jaman penjajahan Walanda. Anggone *translokasi* kabacutake tumuju Walanda, jalaran anane ontran-ontran ing Suriname nalika bubar antuk kamardikan kang kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Taun 1975, dheweke, simbah, lan wong tuwaku padha pindah menyang Walanda amarga prang

sedulur neng Suriname ing jaman kamardikan. Wektu iku wong Jawa akeh padha dimungsuhi dening bangsa ireng saka Afrika. Urip dadi ora tentrem. Ing Suriname nalika iku ana wong rong atus jiwa, telung puluh ewu ing antarane wong Jawa, padha budhal ngungsi menyang Walanda (Prastowo, 2017:61-62/KSSM).

Suriname kang pendhudhuke ana maneka warna ras kaya dene ras cina, *negro*, lan Jawa ndadekake negara kasebut kebak tumindak kriminal jalaran anane pambeda bab budaya kang digawa. Mbah Soedinah lan garwane kang urip ing Suriname milih pindhah neng Walanda jalaran dimusuhi dening bangsa ireng Afrika kang aratus *negro* kaya andharan kang ana ing pethilan kasebut. Anggone pindhah ing Walanda kanthi tujuwan supaya uripe lan kulawargane luwih kepenak. Dheweke milih negara Walanda ing taun 1975 jalaran negara Walanda kang gampang anggone nampung *migrasi* anyaran kang bakal didhaku minangka pendhudhuke. Dene, pethilan ing ngisor iki nuduhake *translokasi* kang dialami dening wong *indies* kang kadhakwa kaum radhikal.

Sejarah anak turune wong Maluku bisa dumunung lan padha urip neng Walanda, kawiwitan saka taun masehi 27 Desember 1949 nalika pamarentah Walanda uwis ngakoni kamardikan bangsa Indonesia liwat Rembug Meja Bunder utawa kondang ditegesi basa Indonesiane “Konferensi Meja Bundar (KMB)” neng Den Haag, Walanda. Wektu iku wong-wong *indies*, araning anak turun wong Landa campuran lan bangsa liyane saka kapuloan Nederlands Indie (Indonesia) menyang Walanda supaya bisa tetep duwe kertu tandha gegolongan Warga Negara Walanda (Prastowo, 2017:17/KSSM).

Pethilan kasebut minangka narasi kang nyeritakake kadadeyan pindhah wong Maluku tumuju Walanda kaya dene kang dialami dening ibuke Aditya yaiku Erlina. Dheweke minangka wong *indies* keturunan Walanda lan Maluku. Genah, Maluku kang mbalela marang Indoneisa kang kabujuk janjine Walanda kanggo ngedekake negara Republik Maluku Selatan (RMS). Dene, sawise negara Indonesia lan antek-anteke Walanda kaya dene prajurit KNIL lan para warga Maluku kasebut pindhah ing Walanda. Jalaran wong-wong kasebut kang dianggep bisa gawe congkrahe negara Indonesia kang lagi merdeka kaya kang diandharake ana pethilan kasebut.

Erlina minangka wong *indies* Walanda-Maluku minangka pendhudhuk Maluku kang dadi salah sawijine pawongan kang disamari panguripane nalika ana ing Indonesia. Mula dheweke lan para pedhudhuk Maluku liyane kang mbalela marang Indonesia kapeksa urip ana ing Walanda lan katampa pamrentah Walanda minangka wargane. Saliyane iku, uga ana prajurit KNIL kang sajatine tresna lan kepengin urip ana ing Indonesia, kayata mbah Dede lan om Roni. Dene, kahanan resiko negara Indonesia saka para pawongan kang kepengin ngrusak yaiku sawise rundhingan KMB utawa

Konferensi Meja Bundar. Dene KMB yaiku prajanjen antarane Walanda lan Indonesia kang isine babagan pamrentah Walanda kang ngakoni Indonesia minangka negara kang wis merdeka lan saka prajanjen kasebut tujuwane kanggo mbubrahake panguwasan Walanda ing Indonesia kang didhakwa minangka antek-antek Walanda diboyong dening negarane dhewe.

Konstruksi Idhentiti Ganda sajrone Novel KSSM

Pambeda budaya kang dialami kaum *diaspora* jalaran pengaruh saka kekuwasan utawa lingkungan kang mapan sajrone rong dhaerah kang beda kasebut (Hall, 1994:232). Jalaran anane rong idhentiti kasebut, kaum *diaspora* ngalami *negosiasi* kanthi anane proses kang diwiwiti saka *translokasi* lan *konstruksi*. Babagan proses mbentuk rong idhentiti kanthi ndadekake *negosiasi* dening kaum *diaspora* kang dicritakake sajrone novel KSSM anggitané Fuji Riag Prastowo kang kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Sore iku dina Sabtu Saniscara tanggal Masehi 29 Mei 2010 utawa dina Sabtu Pahing Wuku Langkur tanggal Ajwa 15 Jumadil Akhir Dal 1943. Aku lan ibuku lungguh ana ing taman mburi omah ing kutha Den Haag. Bapak lan adhikku padha dandan-dandan teras mburi omah. Ora kaya ing Suriname, saben omah ing Walanda iki ora duwe pekarangan kaya taman utawa teras ing ngarep omah. Amarga lungguh ing ngarep omah iku ora sopan, mulane kabeh taman ana ing sisih mburi omah (Prastowo, 2017:85/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake anane proses tuwuhe idhentiti *ganda* kang katindakake dening para kaum *diaspora* kaya dene kulawargane Trisnah. Sawise pindhah saka Suriname tumuju Walanda, kepeksa dheweke manut marang peraturan-praturan kang ana ing Walanda jalaran dheweke minangka pendhudhuke. Pethilan kasebut nggambarake kadadeyan nalika bapak lan adhike Trisnah kang lagi dandan-dandan emper, nanging emper kang mapan ana buri omah. Babagan kasebut jalaran ing Walanda thenguk-thenguk ndek ngarep omah iku kalebu saru. Mula ing Walanda arang wong kang nggawe emper ing ngarep omah. Kamangka ing Jawa, kang budayane seneng srawung karo liyan lan kumpul-kumpul kanthi papan panggonan kanggo kumpul ana ing ngarep omah utawa ana ing emper.

Negosiasi kang ana ing pethilan kasebut kang dialami dening kulawargane Trisnah kang nuruti praturan kang ana ing Walanda kanthi nggawe emper ana ing buri omah. Dene ing Jawa, kang ana ing buri omah mono katujukake kanggo kewan klangenan kayata sapi, wedhus, lsp. Nanging sajrone pethilan kasebut minangka *konstruksi* idhentiti *ganda* kang diamali kulawargane Trisnah kang tujuwane kanggo ngeluri budaya kumpul-kumpul kulawarga nanging mapane ana ing buri omah minangka peraturan kang dadi budaya ana Walanda. Proses *konstruksi* idhentiti *ganda* kang kalami dening kaum *diaspora* babagan peraturan kang ana ing Walanda uga kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Angel tenan urip ing negara kaya Walanda iki. Kabeh-kabeh ana pranatan. Menawa ora manut hukum ana ing Walanda ya bakale mlebu panjara. Dadi wong Jawa kang padha manggon ing Walanda iku mulane ora gampang. Ora bisa gawe acara neng ngarep omah menawa ora duwe ijin saka pamarentah. Ora bisa nganggo swara-swara banter menawa ora duwe ijin. Ora oleh jaluk ari-ari bayi kanggo diruwat lan dislameti amarga iku ora umum kanggone wong Walanda (Prastowo, 2017:86/KSSM).

Budaya ngruwat ari-ari bayi kang ana ing Jawa lan budaya kasebut isih diugemi dening wong Jawa kang mangerteni makna saka budaya kasebut. Ari-ari minangka sedulur saka bayi kang dilairake kang kudu diruwat kanthi becik amrih bayine ora rewel wae. Anggone ngruwat kanthi ngresiki ari-ari kasebut banjur diwadhahi kuwali cilik kanthi dibaturi maneka warna uba rampe liyane banjur dikubur, dene tata cara ruwat ari-ari bayi mung bisa ditindakake dening bapak utawa mbah kakung utawa kang kalebu kulawarga kakung saka bayi kasebut. Dene budaya kasebut ora dinut dening wong Walanda lan dianggep aneh yen nggawa mulih ari-ari sawise babaran. Mula kepeksa para kaum *diaspora* kudu matuhi praturan kasebut yen kepengin urip ana negara Walanda kang kaya pethilan kasebut.

Wong Walanda kang mayortitas minangka wong individualis utawa wong kang seneng dhewe-dhewe babagan panguripane. Beda kaya wong Jawa kang seneng srawung lan kumpul-kumpul karo liyane, utawa luwih gampang wong Jawa mono luwih nengenake babagan sosiale tinimbang indhividulise. Mula, praturan-praturan kang ana ing rong negara kasebut uga beda kanggo ngindhungi hak-hake warga negara. Kaya kang ana ing pethilan kasebut nuduhake anane hak-hak warga negara amrih ora ngganggu liya. Tuladhane nalika ana acara tartamtu ora bisa rame-rame ana ngarep omah lan nyetel gendhing kang radha seru, jalaran dianggep bakal ngganggu liyane. Yen kepengin gawe acara kudu lapor lan idin marang pamrentah kanggo njagani yen ana protes saka liyane utawa ana pepalang liyane.

Transformasi Idhentiiti Kultural sajrone Novel KSSM

Kaum *diaspora* ngalami *transformasi* kang dawa lan tugel-tugel (Hall, 1994:231). Maksud saka andharan kasebut yaiku *transformasi* kang dialami dening kaum *diaspora* minangka praktik kolonialisme dumadi sabubare praktik kolonialisme kanthi alon-alon jalaran ngalami rong kahanan kang beda yaiku kahanan ing jaman penjajahan lan kabebasan. Proses *transformasi* idhentiiti kultural ana rong proses yaiku *rekonstruksi* lan *dekonstruksi*. Sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo kang isine nyeritakake panguripane kaum *diaspora* kang urip ana ing Walanda, dene paragane uga ngalami salah siji saka peranan proses *transformasi* kasebut.

Rekonstruksi Idhentiiti Kultural sajrone Novel KSSM

Tembung *rekonstruksi* sajrone KBBI nduweni teges baline samubarang ing kahanan sadurunge. Bab kasebut nuduhake yen anane loro utawa luwih kahanan kang pungkasan bakal bali ing kahanan kang sepisan. Sajrone proses *transformasi* idhentiiti kultural uga nuduhake proses *rekonstruksi* idhentiiti jalaran anane rong budaya beda kang dialami dening pawongan. Dene, gandheng cenenge proses *transformasi* idhentiiti kultural lan *rekonstruksi* yaiku saka budaya kang beda lan kaum diaspora kepengaruh saka budaya kapindho, nanging pungkasan dheweke bali ing budaya sepisane. Novel KSSM kang nyeritakake panguripane kaum diaspora Jawa kang ana ing Walanda uga nuduhake anane proses *rekonstruksi* idhentiiti kultural, mligine dialami dening paraga Trisnah kang kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

Ana benere kang diomongke simbah putriku yen gething tenan iku bisa nyandhing. Amarga aku sengit tenan, saiki aku radha tresna bab pakaryan lan kanca-kanca kerjaku iki. Baka sithik, aku bisa seneng karo kanca-kancaku kang senengguyon lan grapyak tenan karo saben wong. Senajan kabeh lair lan gedhe neng Walanda, aku ora krasa yen lagi kerja karo wong Landa. (Prastowo, 2017:59/KSSM).

Pethilan kasebut minangka pangrasane Trisnah minangka anak turune wong Jawa kang lair lan gedhe ing Walanda. Jalaran dheweke gedhe kanthi kumpul karo wong Walanda lan ngalami *bullying* kang ndadekake dheweke milih dadi wong Walanda amrih ora dispelekné karo wong Walanda. Senajan dheweke urip ing kulawarga kang banget tresnane marang budaya Jawa lan isih ngleluri maneka warna tradhisi Jawa, nanging dheweke tetep kepengin didaku minangka wong Walanda. Kanthi pakulinan kayata cara nganggo busana, panganan senengane, cara omong, lan sapanunggalane uga neru kaya dene wong Walanda.

Krentege bab kepengin dadi wong Walanda ora bisa diterusake jalaran kulawarga lan kancane kang terus menehi masukan amrih dheweke gelem nglirik budaya Jawa kang luhur. Kaya dene kang ana ing pethilan kasebut kang nggambarake pambatine Trisnah yen dheweke ngrasa seneng karo kanca-kancane kerja kang padha tresna marang budaya Jawa. Tim TV NPO Nederlands Indie kang tugase kanggo golek warta babagan Jawa lan *indies* kang ana ing Walanda kanthi dibacutake golek warta babagan budaya Jawa lan Merapi kang ana ing pulo Jawa nggawe dheweke sithik mbaka sithik mangerteni budaya Jawa kang sejatine. Anane pengaruh saka kulawarga lan kancane kasebut ndadekake Trisnah luwih milih budaya Jawa lan ngeculake budaya Walanda kang biyen ditresnani. Genahé, wujud *transformasi* kang dialami dening Trisnah yaiku bab pamilihe budaya Jawa

Dekonstruksi Idhenti Kultural sajrone Novel KSSM

Dekonstruksi kang duweni teges bali nata kahanan utawa nengenake kahanan kang kena pangaruh saka kahanan liya. Babagan kasebut nuduhake yen anane rong kahanan kang beda, nanging isih nengenake salah sawijine kahanan tanpa kepengaruh saka kahanan sijine. Prakara kasebut kang sambung karo proses *transformasi* idhenti kultural kang dialami dening kaum *diaspora* sajrone novel KSSM. Para paraga kang ana sajrone novel kang nengenake budaya Jawa senajan urip ana ing Walanda. Bab kasebut kabukten ana pethilan ing ngisor iki.

“Ya butuh tenan. Basa Indonesia iku ora angel, ora kaya sinau basa Walanda kang mesthine mulek-mulek yen disinuni. Aku wis ana patang taun sinau basa Indonesia. Amarga saiki kabeh buku kang ana piwulang bab kabudayan Jawa kang ditulis dening wong Indonesia iku mesthi nganggo basa Indonesia. Wis ora ana kang nulis nganggo huruf hanacaraka maneh,” jare simbah (Prastowo, 2017:88/KSSM).

Pethilan kasebut nuduhake kadadeyan nalikane mbah Soedinah arep budhal les basa Indonesia kang mapan ana ing kantor wakil Indonesia ing Den Haag. Sebab mbah Soedinah kang kepengin les basa Indonesia yaiku supaya dheweke bisa mangerteni kahanane budaya Jawa kang ana ing pulo Jawa kanthi maca buku utawa artikel kang ana ing internet babagan budaya Jawa. Jalaran ing jaman sabubare Indonesia merdeka, basa nasional kang digunakake yaiku basa Indonesia kang ndadekake basa tradhisional kaya dene basa Jawa lan aksara tradhisional kaya dene aksara Jawa mung kanggo pasinaon muatan lokal sajrone pendhidhikan lan ing acara tartamtu. Babagan kasebut uga gawe buku-buku padha nggunakake basa Indonesia amrih luwih gampang tinampa sing maca. Kaya dene buku kang ngandharake budaya Jawa uga nggunakake basa Indonesia.

Bab kasebut kang nggawe mbah Soedinah kepengin sinau basa Indonesia. Jalaran mbah Soedinah bisane maca aksara Jawa. Mbah Soedinah kang umure 88 taun lan nalika pindhah ing Suriname nalika jaman penjajahane Walanda, mula ngertine tulisan kang wujud aksara Jawa, dene aksara latin durung ngerti. Bab tresnane marang budaya Jawa, mbah Soedinah sinau basa Indonesia amrih mangerteni pangrembakane budaya Jawa ing jaman saiki saka buku lan internet.

Idhenti Kultural Pascakolonial sajrone Novel KSSM

Idhenti *diaspora* yaiku idhenti kang tansah ngalami proses pambentukan kang mapan ana dhiri pribadina lumatar proses *transformasi* lan pambeda (*negosiasi*) (Hall, 1994:235). Bab kasebut kang dialami dening paraga sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riag Prastowo. Saka novel kasebut, prakara kang munjeri yaiku babagan paragane kang duweni idhenti *ganda* jalaran ngalami *translokasi*. Dideleng saka titikan, proses *negosiasi* lan *translokasi* kang dialami paraga *diaspora* sajrone novel KSSM kasebut katemokake idhenti

kultural anyar kang dadi idhenti para paragane yaiku idhenti Jawa-Suriname lan Jawa-Indies.

Idhenti Jawa-Suriname

Kaum *diaspora* Jawa saka Suriname kang ngalami rong *translokasi* yaiku sepisan saka Jawa neng Suriname banjur kang kaloro saka Suriname neng Walanda. Saka anane *translokasi* kang sepisan neng Suriname, nuduhake yen kaum *diaspora* Jawa urip ing pakumpulan wong Jawa, mula maneka warna budaya kaya dene kapitayan bab kejawen, kesenian Jawa, lan tradhisi Jawa isih dinut dening kulawargane Trisnah lan digawa kanthi urip ing Walanda. Dene proses *negosiasi* kawiwitan saka pindhah ing Walanda, jalaran neng Jawa lan Walanda kang duweni budaya kang beda lan sistem pamretahan kang uga beda. Mula, nuwuhake bab *negosiasi* kang dialami dening kaum *diaspora* Jawa saka Suriname. Nanging, jalaran rasa tresnane marang budaya Jawa proses *translokasi* kanthi nengenake salah siji saka rong budaya yaiku dheweke luwih nengenake budaya Jawa minangka idhenti kultural. Saka proses *negosiasi* lan *transformasi* kang kaalami dening paraga kaum *diaspora* Jawa saka Suriname sajrone novel KSSM kasebut yaiku idhenti Jawa-Suriname. Dene paraga kang kadhapuk idhenti Jawa-Suriname yaiku Trisnah, Soekarmin Atmopawiro (bapake Trisnah), Carmen Djoewan (ibuke Trisnah), Ruben Sriyanto Atmopawiro (adhike Trisnah), Soedinah (simbah putrine Trisnah), Siwo Siwon (pakdhene Trisnah), lan tante Yeni (budhene Trisnah).

Idhenti Jawa-Indies

Idhenti kultural Jawa-Indies uga ngalami alur kang kawiwitan saka *translokasi* lan *konstruksi* idhenti *ganda* minangka wujud saka proses *negosiasi*. Banjur kabacutake proses *transformasi* kang asile nuduhake idhenti anyar. Bab *translokasi* kang dialami dening wong *indies* saka Indonesia mligine Jawa jalaran anane prajanjian KMB (Konferensi Meja Bundar) nalika jaman sabubare Indonesia antuk kamardikan. Anane prajanjian kasebut gawe para warga kang ana gandheng cenenge karo Walanda kadhakwa minangka kaum radhikal utawa antek-anteke Walanda, mula dheweke pindhah ing Walanda. Kanthi *translokasi* saka Jawa tumuju Walanda kang dhaerah kasebut duweni budaya kang beda, banjur wong *indies* kasebut nduweni idhenti kultural kang *ganda* saengga nuwuhake *negosiasi* bab idhenti. Saka anane proses *negosiasi* utawa tawar-tinawar kanggo milih idhenti kang luwih ditengenake sajrone pakulinane. Bab kasebut bisa dideleng saka proses kepengin mangerteni lan gelem nyinauni kanthi luwih mligi bab idhenti kultural kasebut. Sajrone novel KSSM, kang dialami dening para paragane minangka wong *indies* kang lair ing Jawa luwih nengenake bab budaya Jawa lan anak turune uga nengenake budaya Jawa minangka idhenti senajan dheweke lair lan gedhe ana ing Walanda. Babagan kasebut nuduhake wong *indies* sajrone novel KSSM duweni idhenti Jawa-Indies minangka idhenti kultural. Genahe, idhenti Jawa-Indies kang ana sajrone novel KSSM isih ana pengaruhe saka budaya Walanda, bab kasebut disebabke prakara anggoné urip kang cedhak karo

wong asli Walanda kang ngawa budaya Walanda, mula ora gumun yen saperangan budaya Walanda dadi pakulinane wong *indies*. Dene paraga kang dhapuk minangka wong *indies* sajrone novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo yaiku oma Lien, Sekar Ningrum van Meijh, Lissette van Straaten, Aditya Saputro, Frank Driver, Daniel Driever, Louisa Johanna Theodora “Wikete” van Dort (tante Lien), lan Roni van Roerland.

PANUTUP

Dudutan

Novel KSSM anggitane Fuji Riang Prastowo nyaritakake lelakone wong Jawa saka Suriname lan *indies* sarta anak turune minangka kaum *diaspora* Jawa kang ngalami pindhah-pindhah papan panggonan saka negara kang duweni budaya kang beda. Kaum *diaspora* minangka paraga sajrone novel kasebut nduweni rong idhentiiti saengga nuwuhake proses *negosiasi* idhentiiti kultural. Banjur dheweke ngalami proses *transformasi* kanthi nengeneke salah siji saka rong idhentiiti kang beda kasebut utawa ngombinasikake rong idhentiiti kasebut. Dene, pungkasan saka rerencan alur dumadine idhentiiti kultural kanthi nuduhake rong idhentiiti saka para paraga sajrone novel kasebut yaiku idhentiiti Jawa-Suriname lan Jawa-*Indies*.

Kaloro idhentiiti kasebut nduweni titikan kang beda antarane titikan siji lan sijine yen dideleng saka proses *translokasi* lan katelu titikan idhentiiti kultural. Proses *translokasi* kang dialami dening idhentiiti Jawa-Suriname diwiwiti saka Jawa, Suriname banjur Walanda. Dene, idhentiiti Jawa-*Indies* saka Jawa langsung tumuju Walanda. Genahe, idhentiiti Jawa-Suriname ngalami rong proses *translokasi*, dene Jawa-*Indies* mung ngalami pisan *translokasi*.

Yen dideleng saka titikan idhentiiti kultural kang cacahé telu kasebut bab pambada saka (1) kapitayan kang dinut saperangan wong Jawa-*Indies* kepengaruh saka budaya kulonan yaiku anane paham *free thinkers* utawa ora duwe agama, (2) rasa ayem kang mapan ana wong Jawa-Suriname isih sesambungan karo kesenian kang ana ing Jawa, dene wong Jawa-*Indies* seneng gendhing keroncong saka gabungan rong idhentiiti kanthi basa Landa nanging lirike prakara Jawa, lan (3) pakulinan kang ditindakake dening idhentiiti Jawa-*Indies* saperangan tumindak kang kalebu budaya kulonan kayata pesta ulang taun, pakurmatan ‘*curtsy*’, lan basa cecaturane yaiku kang diarani dialeg *indies*, cetahan basa campuran saka basa Jawa ngoko lan basa Walanda. Saka telung titikan kasebut nuduhake yen idhentiiti Jawa-Suriname padha kaya wong Jawa lumrahe, dene idhentiiti Jawa-*Indies* nindakake *hibriditas* rong idhentiiti lan saperangan ana ngenut budaya kulonan.

Pamrayoga

Novel KSSM kang nyaritakake panguripane kaum *diaspora* ing Walanda kang tresna marang budaya. Babagan kasebut bisawa dadi patuladhan. Kayata budaya kang ditresnani aja nganti gawe congkrahé negara kang selawase iki menèh perlindungan mring kita. Jalaran semboyange bangsa yaiku ‘*Bhinneka Tunggal Ika*’ kang

dijupuk saka kitab *Sutasoma* nuduhake yen pendhudhuk Indonesia mono maneka werna nanging nyawiji dadi siji yaiku warga negara Indonesia. Genahe, rasa tresna marang budaya uga sinandhingan marang rasa nasionalisme kang gedhe. Saliyane rasa nasional kasebut, kita kudu duweni rasa tresna marang budaya Jawa. Aja nganti urip ana ing Jawa nanging ora gelem ngléluri budaya Jawa, bisa wae besuk anak putu bakal sinau budaya Jawa marang kaum *diaspora* Jawa kang manggon ing negara manca. Amarga ora anane generasi bangsa kang ngenal lan mulangake budaya Jawa.

KAPUSTAKAN

- Alkaf, Mukhlas. 2013. *Berbagai Ragam Sajen pada Pementasan Tari Rakyat dalam Ritual Slametan*. Jurnal Seni Budaya Vol 11 No 2 Hal: 211-223.
- Aminuddin.1994. *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh Malang (YA3 Malang).
- Angkasa, Gaudensio. 2015. *Teori Poskolonial dalam kerangka Konsep Identitas*. Kupang: Universitas Katolik Widya Mandira Press.
- Ardyansa, Ryko. 2017. *Persimpangan Antara Agama dan Budaya (Proses Akulturasi Islam dengan Slametan dalam Budaya Jawa)*. Jurnal Intelektualita: Keislaman, Sosial, dan Sains Vol 06 No 02 Hal: 295-310.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Aryanto, Hendro. 2008. *Makna Tanda pada Fesyen Penganten Jawa Bergaya Modern*. Jurnal Nirmana Vol 10 No 1 Hal:26-31.
- Barker, Chris. 2005. *Cultural Studies* (terjemahan). Yogyakarta: Kreasi Wacana.
- Bhabha, Homi. 1994. *The Location of Culture*. London and New York: Routledge.
- Darni. 2016. *Kekerasan terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. (edisi revisi). Surabaya: Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2003 . *Mistik Kejawaen*. Yogyakarta: Pustaka Narasi.
- _____. 2006. *Mistik Kejawaen*. Yogyakarta: Pustaka Narasi
- _____. 2013. *Metode Penelitian Sastra: epistemology model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Faruk. 2007. *Belenggu Pasca-Kolonial, Hegemoni dan Resistensi dalam Sastra Indonesia*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ganap, Victor. 2006. *Pengaruh Portugis pada Musik Keroncong*. Jurnal Penelitian dan Pendidikan Seni Vol VII No.2
- Gandhi, Leela. 2014. *Teori Poskolonial Upaya Melumpuhkan Hegemoni Barat*. Yogyakarta: Qalam.

- Gusnelly. 2017. *Diaspora dan identitas Komunitas Eksil Asal Indonesia di Belanda*. Jakarta.
- Hall, Stuart. 1994. *Cultural Identity and Diaspora*. London: Harvester Wheatsheaf.
- Hanifah, Ani. 2017. *Problemitasi Identitas dalam Tiga Novel Abdulrazak Gurnah*. Skripsi ora diterbitkan. Jurnal Unpad Vol 6 No 2.
- Hasan, M.Iqbal. 1994. *Pokok-pokok Materi Metodologi Penelitian dan Aplikasinya*. Surabaya: Ghalia Indonesia.
- Husnul, Mohammad Rosyid. 2016. *Identity Negotiation of Gogol in Jhumpa Lahiri's Novel The Namesake*. Skripsi diterbitkan. Malang: PPs Universitas Islam Negeri Maulana Malik Ibrahim Malang.
- Hutagulung, Arie Sukanti. 2012. *Hukum Pertahanan di Belanda dan Indonesia*. Denpasar: Pustaka Larasan
- Jazuli, Ahmad. 2017. *Diaspora Indonesia dan Dwi Kewarganegaraan dalam Perspektif Undang-Undang Kewarganegaraan Republik Indonesia*. Jurnal Ilmiah Kebijakan Hukum Vol 11 No 1 Hal: 97-108.
- Karyaningsih, Endang Wani. 2015. *Faktor yang Mempengaruhi pemilihan Kebaya pada Ibu-Ibu dan Remaja Putri*. Jurnal Ilmiah Pendidikan Kesejahteraan Keluarga Vol 1 No 1 Hal:7-13.
- Komariah, Siti dan Ruriana, Puspa. 2011. *Bahasa Jawa di Suriname*. Surabaya: Lima-Lima Jaya.
- Moleong, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Najitama, Fikira. 2016. *Blangkon Hitam: Identitas Gerakan padepokan Dakwah Sunan Kalijaga dalam Masyarakat Muslim Perkotaan*. Jurnal Kebudayaan Islam Vol 18 No 1 Hal:28-44.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Parmono, Kartini. 1995. *Simbolisme Batik Tradisional*. Jurnal Filsafat No 23 Hal:28-35.
- Prastowo, Fuji Riandj. 2017. *Sejarah Orang Jawa di Belanda*. Yogyakarta: Dinas Kebudayaan D.I.Y Yogyakarta.
- Ratna, Nyoman Kuntha. 2007. *Sastra dan Cultural Studies: Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- _____. 2008. *Postkolonialisme Indonesia Relevansi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- _____. 2010. *Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra*. Jakarta: Pustaka Belajar.
- Said. Edward W. 2012. *Orientalisme*. Terjemahan Asep Hikmat. Bandung: Pustaka.
- Semi, M.Atar. 1998. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa Raya.
- Sugiyarti. Yati. 2015. *Diaspora dan Hibriditas dalam Roman Salah Asuhan Karya Abdoel Moeis dan dalam Novel Keberangkatan karya N H. Dini*. Jurnal Ilmiah Bahasa, Sastra dan Pengajarannya Vol 23 No 1.
- Sugiyono. 2017. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulasman dan Gumilar, Setia. 2013. *Teori-Teori Kebudayaan*. Bandung: CV Pustaka Setia.
- Sumardjo, Jakob dan Saini. 1997. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Wardani, Mahardika Dwi. 2010. *Kebudayaan Indis di Surakarta*. Skripsi ora diterbitkan. Surakarta: PPs Universitas Sebelas Maret.
- Wati, Leni Fitri. 2015. *Novel Sala Lelimangan Suprpto Brata (Tintingan Poskolonial)*. Skripsi ora diterbitkan. Surabaya: PPs Universitas Negeri Surabaya.
- Widodo, Prasetya Budi. 2006. *Konsep Diri Mahasiswa Jawa Pesisiran dan Pedalaman*. Jurnal Psikologi Vol 3 No 2.

INTERNET

- Mudzakkir, Amin. -. *Kaum Nasionalis di Pengasingan*. (Online), ([http://www.academia.edu/10199757/Kaum Nasionalis di Pengasingan&asqdr=y15](http://www.academia.edu/10199757/Kaum_Nasionalis_di_Pengasingan&asqdr=y15)), kaudhuh ing tanggal 25 November 2018)
- Pete, Kembang. 2014. *Profil Lengkap Negara Belanda*, (Online), (<https://www.kembangpete.com/2014/08/24/profil-lengkap-negara-belanda/>), kaundhuh 18 Januari 2019).